

**KACINTRAKAN SAJRONE NOVEL GEMPOL ANGGITANE TULUS S  
(TINTHINGAN SOSIOLOGI SASTRA)**

**E-JOURNAL**



**Dening:  
YULIA INTAN NOVITASARI  
16020114047**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH**

**2020**

**KACINTRAKAN SAJRONE NOVEL GEMPOL ANGGITANE TULUS S**  
**(TINTHINGAN SOSIOLOGI SASTRA)**

**Yulia Intan Novitasari**

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

[yulianovitasari16020114047@mhs.unesa.ac.id](mailto:yulianovitasari16020114047@mhs.unesa.ac.id)

**Drs. Bambang Purnomo, M.S.**

Dosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

Kacintrakan minangka salah sawijine wujud kahanan sosial ing masyarakat sing kerep dicritakake dening sastrawan sajrone novel minangka wujud penghayatan tumrap panguripan ing sakupenge. Novel gempol minangka salah sawijine karya sastra sing nggamarake kahanan sosial masyarakat. Anca saka panliten iki yaiku ngandharake lan njelentreheke kacintrakan sing dumadi sajrone novel Gempol anggitane Tulus S. Tinthingan sing digunakake sajrone panliten iki yaiku tinthingan sosiologi sastra.

Metodhe kang digunakake yaiku metodhe kualitatif dheskriptif. Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku novel *Gempol* anggitane Tulus S. Wujud dhata panliten yaiku awujud tembung, ukara, lan wacana. Tatacara nglumpukake dhata nggunakake teknik maca cathet lan teknik dokumen. Dhata kang disuguhake arupa dhesripsi ngenani gegambaran kacintrakan sajrone novel *Gempol*.

Asil saka panliten iki yaiku dhata sing awujud tembung lan ukara kang nuduhake anane kacintrakan sing dumadi sajrone novel *Gempol* anggitane Tulus S sing banjur diperang dadi telu, yaiku (1) kepriye kahanan sosial bebrayan masyarakat sajrone novel *Gempol* anggitane Tulus S, (2) kepriye kacintrakan sing dumadi sajrone novel *Gempol* anggitane Tulus S, lan (3) kepriye pamawase panganggit sajrone novel *Gempol* anggitane Tulus S. Saka dhata sing ana nuduhake yen anane kacintrakan sing dumadi sajrone novel *Gempol* anggitane Tulus S.

**Tembung Wigati : Kacintrakan, Kahanan Sosial, Gempol, Novel**

**PURWAKA**

**1.1 Landhesane Panliten**

Kacintrakan minangka salah sawijine wujud kahanan sosial ing masyarakat sing kerep dicritakake dening sastrawan sajrone novel minangka wujud penghayatan tumrap panguripan ing sakupenge. Koentjaraningrat (1984:198) ngandharake kacintrakan iku prakara fenomenal sadawane sejarah ing Negara Indonesia yaiku Negara sing bangkit kanggo miwiti lan mbangun maneh saka ekonomi sing angel pasca ambruge Orde Baru. Prakara kacintrakan pungkasan iki tuwuhan maneh minangka reaksi ing kasunyatan yen majune perekonomian sing ora ana imbase nyebabake kesenjangan sosial ing tingkat dunia lan tingkat nasional (Syahrizal, 2006:6).

Kacintrakan nggamarake anane kurange materi utawa samubarang sing diperlokake sajrone urip ing bebrayan kayata sandhang, pangan, papan, lan pendidikan. Kacintrakan ing kene uga bisa ditegesi minangka kahanan sing dialami dening manungsa sajrone antuk samubarang sing asipat kebutuhan dhasar. Kacintrakan uga nuwuhake pambeda antarane kelas sosial sing nyebabake masyarakat kelas sosial tartamtu ora nduweni fasilitas sing padha. Prakara kacintrakan sajrone

novel Gempol anggitane Tulus S nyritakake perjuwangane manungsa kanggo nggayuh urip sing luwih kepenak lan ora nyerah ngadhepi panguripan sing sarwa angel. Kacintrakan sing dumadi sajrone novel kasebut maneka warna wiwit saka segi ekonomi, agama, lan budaya. Anane kacintrakan-kacintrakan kasebut agawe tuwuhan kasta sosial sing dialami dening para paraga sajrone novel “Gempol” anggitane Tulus S iki.

Novel Gempol salah sawijine kreasi sastra sing isine nyritakake kahanan ing salah sawijine desa. Minangka salah sawijine dhaerah sing lagi proses ngrembaka, akeh prakara-prakara sing gegayutan karo sosial lan ekonomi sing lagi dialami dening para masyarakat. Kacintrakan sing ana sajroning desa kasebut ndadekake para masyarakat nggolek dalan lan ngupaya supaya bisa nggayuh panguripan sing luwih becik kanthi carane dhewe-dhewe. Kahanan sosial masyarakat sing digambarake sajrone novel kasebut nuwuhake anane kasta sosial masyarakat. Kasta sosial sing tuwuhan kasebut ing antarane ing babagan pakaryan lan gaya hidup. Tingkat pendidikan sing kurang dideleng saka para wargane sing pangupajiwane tani cilik uga dadi prekara sing ngrendheti masyarakat desa kasebut kanggo nggayuh urip sing luwih becik lan kepenak, urip ing tengah-tengah

masyarakat sing patriarki ndadekake para nom-noman desa kasebut angel nemtokake pilihan. Saka prakara kasebut nuwuhake kabudayan yaiku bocah sawise lulus saka sekolah sing biyasane mung nganti teka SMP kerja dadi TKI utawa merantau menyang kutha gedhe dadi buruh utawa PRT (pembantu rumah tangga) lan pilihan pungkasan yaiku dadi bakul gempol nerusake usahane wong tuwane lan minangka cara kanggo ngrembakake supaya panganan gempol sing wis dadi budayane masyarakat ing desa kasebut ora ilang kaganti karo anangan-panganan ing jaman saiki.

Kacintrakan mujudake salah sawijine gejala sosial ing masyarakat sing kerep dicritakake dening pengarang sajrone novel minangka wujud penghayatan tumrap panguripan sakupeng. Sajrone novel kasebut, pangarang kapengin nyampekake kritik tumrap pamarentah lan uga bocah nom jaman saiki lumantar karyane. Sajrone panliten iki, panliti bakal nliti novel “Gempol” anggitane Tulus S ing endi sajrone novel kasebut nggambareke panguripan sing ana ing dhaerah sing lagi ing proses ngrembaka utawa isih minim banget sarana prasarana. Gegambaran babagan prakara-prakara sosial mliline kacintrakan sing agawe panliti kapengin kanggo nganalisis luwih jeru novel kasebut.

Tinthingan sing digunakake kanggo ninthingi gejala sosial sing ana sajrone novel iki sing trep digunakake iku tinthingan sosiologi sastra. Sosiologi yaiku salah sawijine ilmu sing ndadekake masyarakat minangka objeke. Tinthingan sosiologi sastra sing ditengenake ing panliten iki yaiku tinthingan sosiologi sastra Ian Watt. Tinthingan sosiologi sastra Ian Watt nemokake telung klasifikasi sajrone sosiologi sastra sing beda. Kapisan yaiku konteks

sosial pengarang sing gegayutan karo posisi sosial sastrawan lan pangaribawa sosial sakupenge penciptaan karya sastra. Kaping lorone yaiku sastra minangka kaca pangilon masyarakat. Kaping telune yaiku fungsi sosial sastra.

Sajrone panliten iki ditengenake ing aspek kaping loro yaiku sastra minangka kaca benggalane masyarakat. Tegese sastra minangka kaca benggalane masyarakat yaiku pemahaman tumrap karya sastra lan gegayutane marang masyarakat. Panliti milih nggunakake pamikiran sosiologi sastra saka Ian Watt amarga luwih ringkes nanging tetep detail sajrone ngeceki gegambaran kacintrakan sing ana sajrone novel kasebut. Mula irah-irahan sajrone panliten iki yaiku Kacintrakan Sajrone Novel Gempol Anggitane Tulus S (Tinthingan Sosiologi Sastra).

## 1.2 Underan Panliten

Adhedhasar underane panliten sing wis diandharake, bisa dijupuk dudutan saka underan panliten kaya mangkene.

- (1) Kepriye kahanan sosial masyarakat sajrone Novel Gempol sing digambarake dening Tulus S sajrone karyane?
- (2) Kepriye kacintrakan sing dumadi sajrone novel Gempol anggitane Tulus S?
- (3) Kepriye pamawas panganggit sajrone novel Gempol anggitane Tulus S?

## 1.3 Tujuwan Panliten

Adhedhasar tujuwan panliten sing wis diandharake, bisa dijupuk dudutan saka tujuwan panliten kaya mangkene.

- (1) Ngandharake kepriye kahanan sosial masyarakat sajrone Novel Gempol sing digambarake dening Tulus S sajrone karyane

- (2) Ngandharake kepriye kacintrakan sing dumadi sajrone novel Gempol anggitane Tulus S
- (3) Ngandharake kepriye pamawas panganggit sajrone novel Gempol anggitane Tulus S

## 1.4 Paedah Panliten

Panliten ngenani kacintrakan sing nggunakake tinthingan sosiologi sastra sajrone novel Gempol anggitane Tulus S nduweni paedah kaya mangkene.

- (1) Paedah tumrap sastra Jawa modern  
Tumrap sastra Jawa modern, dikarepake bisa menehi kawruh anyar lumantar pesen-pesen sing ana sajrone panliten, lan bisa nambahi pangrembakaning sastra Jawa modern.
- (2) Paedah tumrap pamaca lan penikmat sastra  
Panliten Kacintrakan sajrone Novel Gempol Anggitane Tulus S iki bisa digunakake minangka bahan perbandhingan tumrap panliten-panliten liyane sing wis ana sadurunge mliline babagan kacintrakan.

(3) Paedah tumrap mahasiswa Pendhidhikan Basa lan Sastra Jawa

Panliten iki bisa digunakake minangka bahan pertimbangan dening mahasiswa kanggo menehi motivasi idhe utawa gagasan anyar sing luwih kreatif lan inovatif ing sabanjure kanggo majune mahasiswa lan jurusan.

(4) Paedah tumrap panliti

Panliten tumrap novel Gempol iki bisa menehi pamanggih kawruh babagan gegambaran babagan fenomena realita sajrone panguripan.

### 1.5 Wewatesane Panliten

Wewatesan panliten ing kene nduweni piguna supaya objek panliten ora nggladrah lan panliten bisa fokus,olehe njlentrethane bisa tumata lan gathuk karo underan panliten. Wewatesan sajrone panliten iki winates yaiku bab kacintrakan sing dumadi sajrone novel *Gempol* anggitane Tulus S.

### 1.6 Panjlentrehe Tembung

(1) Kacintrakan

Kacintrakan nduweni teges salah sawijining kahanan ing ngendi fisik masyarakat sing ora nduweni akses tumrap sarana prasarana lingkungan sing ndukung lan pangupa jiwa sing ora tamtu sing kalebu ing kabeh multidimensi, yaiku dimensi politik, dimensi social, dimensi lingkungan, dimensi ekonomi dan dimensi asset (P2 KP, Pedoman Umum, 2004:1). Bappenas (2004:28) ngandharake, kacintrakan yaiku kaanan individu utawa kelompok manungsa, lanang lan wadon, ora bisa nyukupi hak-hak dhasare kanggo nguwtake lan ngrembakakake panguripan sing nduweni martabat.

(2) Novel Sosiologis sajrone Sastra Jawa

Novel yaiku crita prosa sing nulisake pengalaman-pengalaman batin saka saperangan wong sing gegayutan anatarane siji lan sijine sajrone kahanan. Miturut Goldman (sajrone Anwar, 107:2010) novel yaiku crita (story) sing adhedhasar upaya nggoleki realitas, nanging tetep katata awujud pola implikasi minangka jagading novel kanthi luwih amba.

Salah sawijine prekara sing akeh diangkat sajrone novel mligine novel Jawa iku unsur sosiologis sing nduweni sesambungan kang raket tumrap sosiologi sing dadi tinthingan kanggo ninthingi prekara-prekara sosiologis sing dirembug sajrone karya sastra. Novel sosiologis sajrone sastra Jawa ora bisa uwal saka prekara-prekara sosial sing ana sajrone masyarakat, amarga prekara sing dirembug sajrone karya sastra minangka kaca pangilon tumrap masyarakat.

(3) Gempol

Gempol salah sawijine panganan sing identik banget karo Desa Tulungrejo kalebu wewengkon Kabupaten

Madiun sing pancen durung akeh sing mangerten. Gempol iku digawe saka glepung beras banjur diglindhingi bunder-bunder lan dikukus. Gempol biyasane dipangan bareng karo srabi arane iku srabi Bangkal. Srabi Bangkal beda karo srabi Solo utawa srabi ing dhaerah liya. Srabi Bangkal semu rada kasar lan kenyal. Menawa wis mateng banjur diiris kothak-kothak lan dicampur karo gempol.

Sajrone novel “Gempol” anggitane Tulus S, gempol ora mung minangka panganan tradisional nanging uga ngandhut filosofi. Filosofi sing ana sajrone panganan gempol iku minangka gambaran kahanan masyarakat sajrone novel kasebut. Kawawas saka bahan bakune gempol sing mung digawe saka glepung beras lan diiderake menyang dhukuh-dhukuh wis bisa dadi gambaran yen ta gempol identik karo panganane masyarakat kanthi tingkat ekonomi sing rendah utawa bisa diarani wong mlarat.

(4) Pawase Pangripta

Pamawas iku bageyan sing ora bisa ditinggalake sajrone karya sastra. Pamawas yaiku cara pangripta kanggo kanggo manggonake awake sajrone crita, saka ngendi pangripta ndeleng crita kasebut. Pamawase paraga minangka visi pangripta sing dijelmakake tumrap paraga-paraga sajrone crita. Pamawase pangripta nduweni sesambungan sing racket banet tumrap teknik critane. Miturut Atar Semu (1988:57-58) pamawas yaiku titik kisah sing manggonake pangripta sajrone crita. Titik kisah kasebut diperang dadi patang jinis yaiku pangripta minangka paraga, pangripta minangka paraga sampingan, pangripta minangka wong katelu, lan pangripta minangka narator lan pemain.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### 2.1 Panliten Sadurunge sing Saemper

- 1) Panliten kanthi irah-irahan “Kritik Sosial Sajrone Antologi Geguritan Sanja Anggitane Nono Warnono” (Tinthingan Sosiologi Sastra) dening Catur Fitriana mahasiswa Pendidikan Bahasa Dan Sastra Jawa Universitas Negeri Surabaya. Panliten kasebut nggunakake tinthingan sosiologi sastra. Sajrone panlitene, Catur Fitriana ngrembug ngenani kritik sosial sing kinandhut sajrone Antologi Geguritan Sanja anggitane Nono Warnono lan gegayutane kritik sosial masyarakat karya sastra tumrap kahanan masyarakat mligine tumrap panguwasa utawa pamarentah. Asil saka panliten kasebut yaiku kritik sosial sing kapengin disampekaake pengarang tumrap pamarentah lumantar karyane cundhuk karo kahanan masyarakat.

- 2) Panliten kanthi kanthi irah-irahan “Crita Rakyat Pangimpene Jaka Tarub Temon-Tresnawati Anggitane Ismoe Rianto (*Tinthingan Sosiologi Sastra*)” dening Farida Khatmayati mahasiswa Pendidikan Bahasa Dan Sastra Jawa Universitas Negeri Surabaya. Panliten ninthingi aspek sosial sajrone crita rakyat Pangimpene Jaka Tarub Temon-Tresnawati anggitane Ismoe Rianto tumrap sesambungan aspek sosial lan kahanan masyarakat panyengkuyung sajrone crita rakyat Pangimpene Jaka Tarub Temon-Tresnawati anggitane Ismoe Rianto. Kanthi nggunakake teori sosiologi sastra panliten kasebut ngasilake aspek sosial lan sesambungan aspek sosial kasebut tumrap masyarakat panyengkuyung sing kinandhut sajrone crita rakyat Pangimpene Jaka Tarub Temon-Tresnawati anggitane Ismoe Rianto.
- 3) Panliten kanthi irah-irahan “Bebrayan Jawa Sajrone Cerbung Mburu Pusaka (*Tinthingan Sosiologi Sastra*)” dening Mohamad Yofi Prayogo mahasiswa Pendidikan Bahasa Dan Sastra Jawa Universitas Negeri Surabaya. Panliten kasebut ninthingi gambaran bebrayan Jawa sing ana sajrone cerbung “Mburu Pusaka” lan kritik sosial sing kinandhut sajrone cerbung kasebut. Asil saka panliten kasebut yaiku gambaran bebrayan Jawa lan kritik sosial sing kinandhut sajrone cerbung “Mburu Pusaka”.
- 4) Panliten kanthi irah-irahan “Tindak Kriminal Sajrone Novel Srepeg Tlatur” anggitane Tiwiek SA dening David Mandala Yudha Siregar mahasiswa Pendidikan Bahasa Dan Sastra Jawa Universitas Negeri Surabaya. Sajrone panlitene, David nggunakake tinthingan sosiologi sastra. Panliten kasebut ninthingi tindak kriminal sajrone novel Srepeg Tlatur dening Tiwiek SA, bab sing njalari uga akibat saka tumindak kasebut sing sesambungan tumrap bebrayan masyarakat. Panliten kasebut ngasilake gambaran tumindak kriminalitas sing kinandhut sajrone novel “Srepeg Tlatur”, bab sing njalari uga akibat saka tumindak kasebut sing sesambungan tumrap bebrayan masyarakat minangka kaca pangilon tumrap masyarakat nalika karya sastra kasebut diciptakake.
- 5) Panliten kanthi irah-irahan “Kacingkrangan Sajrone Cerbung Tan Kendhat Anggitane Ismoe Rianto (*Tinthingan Sosiologi Sastra*)” dening Widi Astuti mahasiswa Pendidikan Bahasa Dan Sastra Jawa Universitas Negeri Surabaya. Panliten kasebut ninthingi kahanan lan sing dadi sebab kacingkrangan uga upaya kanggo mentas saka kacingkrangan sing digayutake tumrap realita sosial sajrone bebrayan. Asil saka panliten sing ditindakake dening Widi Astuti yaiku gambaran kacingkrangan, sebab lan upaya

kanggo mentas saka gejala sosial kasebut tumrap realitas sosial sing ana sajrone masyarakat.

Limang panliten sing wis diandharae ing ndhuwur nduweni pepadha lan pambeda klawan panliten ing kene. Padhane limang panliten mau lan panliten iki yaiku ninthingi ngenani gejala-gejala sosial sing kinandhut sajrone novel Jawa, dene pambedane yaiku ing babagan objek panliten. Objek sajrone panliten iki yaiku novel kanthi irah-irahan “Gempol” anggitane Tulus S. novel kasebut kalebu novel modern, kacetak ing taun 2018 lan minangka cetakan kaping pisan. Panliten iki nggunakake tinthingan sosiologi sastra lan wis dispesifikan tumrap sosiologi sastra dening Ian Watt sing pancen cundhuk tumrap underan saka panliten iki.

## 2.2 Lelandhesan Teoritik

### 2.2.1 Unsur Sosiologis sajrone Novel Jawa

Sosiologi nduweni teges yaiku ilmu ngenani mula buka lan tuwuhe (evolusi) bebrayan ngelmu sing nyinaoni babagan sakabehane sesambungan antarane manungsa sajrone bebrayan, sipat umume, rasional, lan empiris. Kaya dene sing diandharake dening Ratna (2011:1) sosiologi saka tembung sosio (Yunani) *socius* sing tegese bareng-bareng, nyawiji, kanca) lan logos sing tegese (sabda, omongan, pepindhan) sing sabanjure ngalami owah makna utawa teges yaiku ilmu.

Sesambungan antarane sosiologi lan jagading novel Jawa iku novel Jawa minangka crita fiksi sing dijupuk saka panguripan masyarakat. Novel minangka salah sawijine karya sastra sing sanjerone akeh ngangkat babagan sosial masyarakat. Sajrone panguripan masyarakat ora bisa uwal saka prekara-prekasa sosial. Sastra ing babagan iki minangka kaca pangilon masyarakat, kepriye panguripan masyarakat nalika sastra kasebut diciptakake kagambar sajrone karya sastra kasebut.

### 2.2.2 Sosiologi Sastra lan Novel Jawa

Salah sawijine tinthingan panliten sastra sing isih ngrembaka ing jaman modern kaya saiki iku sosiologi sastra. Cundhuk karo jenenge, panliten iki gegayutan karo bab-bab sosial lan kalebu perangan ekstrinsik saka karya sastra. Miturut Saraswati (2003:1) sosiologi sastra kalebu ilmu interdisipliner antarane sosiologi lan ilmu sastra. Andharan kasebut uga disengkuyung dening Ratna (2011:331) sing ngandharake yen panliten sosiologi sastra kalebu panliten multidisiplin amarga sosiologi sastra kalebu panliten sing nggayutake antarane rong bidhang ilmu yaiku sosiologi lan sastra.

Sosiologi sastra kaperang dadi telu, yaiku (1) Konteks sosial pangripta, gegayutan karo sosial pangripta yaiku status sosial pangripta, masyarakat sing dituju dening pangripta lan pakaryane pangripta. (2) Sastra minangka kaca benggala kanggo masyarakat, gegayutan karo sepiro

adohe sastra njlentrehake urip sing ana sajrone masyarakat. (3) Fungsi sosial sastra, gegayutan karo nilai-nilai sosial sing nduweni daya pangribawa tumrap karya sastra.

Panliten iki nggunakake teori sing kaloro yaiku mawas karya sastra (novel Gempol) minangka kaca benggala kanggo masyarakat, sing ditliti yaiku sepira adohe sastra njlentrehake panguripane manungsa ing masyarakat. Novel minangka salah sawijine karya sastra sing ing njerone akeh ngangkat babagan gejala-gejala sosial sing ana sajrone masyarakat. Babagan kasebut cundhuk karo fungsi sastra minangka kaca pangilone masyarakat. Novel Jawa akeh ngandhut lan ngangkat panguripan masyarakat nalika karya kasebut diciptakake, mula sosiologi sastra nduweni gegayutan sing raket tumrap novel lan novel Jawa khususe sing bakal dirembut sajrone panliten iki.

### 2.2.3 Paninthinge Ian Watt Tumrap Novel Jawa

Tinthingan sosiologi sastra ndeleng sastra minangka kaca pangilon panguripan masyarakat utawa kaca pangilon kasunyatan lan dudu minangka kasunyatan utawa prastawa sing nyata-nyata kedadeyan minangka sarana kritik sajrone panguripan sosial. Masiya kasunyatan utawa prastawa sing kedadeyan sajrone karya sastra ora kanthi bener anggone nggambaraké kedadeyan sing ana ing lingkungan pengarange lan fungsi sosial sastra ora mangaribawani banget, nanging lumantar karya sastra bisa ditafsirake maksud saka pengarang nyiptakake karyane kasebut. Karya sastra diciptakake ora mungkin tanpa anane maksud lan tujuwane.

Pengarang bisa wae nyiptakake karya sastra kasebut adhedhasar cita-citane, critane, protes sosiale, lan bisa uga pangimpen sing adoh saka panggayuhe. Kepriye dheweke mikir lan apa sing dheweke pikirake, gegayutan karo kepriye dheweke urip, amarga apa sing diekspresikake manungsa lan cara-cara pengekspresiane gumantung apa lan kepriye dheweke urip (sajrone Faruk, 1994:5).

### 2.2.4 Historioritas Teks

Miturut Gallagher (2000:84), konsep historioritas minangka perangan saka resiplokal lan tekstualitas sejarah, historitas teks mligine budaya yaiku nggayutake bab sosial tumrap sakabehane teks, ora mung teks-teks (sastra) sing dikaji, nanging uga teks-teks liyane (non sastra) sing dikaji.

Miturut greenblett, kabudayan bisa dideleng minangka salah sawijining panggonan sing tarik-narik antarane “alangan” lan “mobilitas”, yaiku kakuwatane budaya, utawa bisa uga suwaliike, nyurung mobilitas utawa pengatur nilai, kanggo nggayuh tumindak sing dikepengini. Mula kaya sing diandharake dening Greenblatt (2005:14) aslie budaya kalebu karya sastra minangka sarana “eksperimentasi, variasi, improvisasi” maneka warna nilai budaya.

Gegayutan antarane historioritas tumrap panliten iki sajrone novel “Gempol” sing mayoritas masyarakat nduweni tingkat perekonomian sing isih rendhah, lan urip ing dhusun sing ana ing pinggiran kutha sing panceh isih ngugemi adat lan budaya sing ana ing dhaerah kasebut. Salah sawijine budaya sing ana ing dhaerah kasebut yaiku pangan sing diarani gempol lan srabi. Masyarakat sajrone novel kasebut tansah njaga lan kapengin ngrembakakake pangan tradhisional khas dhaerah kasebut, mula historioritas dirembut sajrone panliten iki.

### 2.2.5 Sosiologi Sastra lan Sosiologi Mayarakat sajrone Novel Jawa

Karya sastra diciptakake dening sastrawan kanggo dirasakake, dimangerten, lan dimanfaatake dening masyarakat. Sastra nampilake gegambaran panguripan, lan panguripan kasebut uga minangka kanyatan sosial. Sajrone pangertene iki, panguripan sing dimaksud yaiku kabeh gegayutane karo masyarakat, antarane masyarakat tumrap wong-wong sing ana sakupenge, antar masyarakat, lan antar prastawa sing dumadi sajrone batine manungsa. Miturut Damono (1984:1) prastawa sing dumadi sajrone batine manungsa kerep dadi bahan sastra, yaiku pantulan sesambungan anatarne pawongan tumrap wong liya utawa masyarakat. Babagan kasebut nuduhake yen sastra ora bisa adoh saka langit, sesambungan antarane sastrawan, sastra lan masyarakat dudu babagan sing digoleki.

Miturut Ratna (2004:60) njlentrehake yen ana sesambungan sing hakiki antarane karya sastra lan masyarakat. Sesambungan-sesambungan sing dimaksud disebabake dening karya sastra diasilake saka pengarang, pengarang dheweke kasebut minangka anggota masyarakat, pengarang manfaatake kasugihan sing ana sajrone masyarakat, lan asil karya kasebut dimanfaatake dening masyarakat. Saka andharan kasebut bisa dijupuk dudutane yen sastrawan ngrespon saben kedadeyan lumantar kasra sastra diciptakake kanggo mengekspresikan pengalaman batine ngenani panguripan masyarakat sajrone kahanan sosial tartamu. Miturut Budianta (2002:19). Sastrawan kapengin nggambaraké sudut pandhange tumrap panguripan ing sakupenge, saengga bisa dirasakake, dimangerten, lan dimanfaatake dening masyarakat. Babagan kasebut cundhuk karo fungsi karya sastra, yaiku minangka sarana panglipur lan uga nduweni paedah tumrap pamaca.

Andharan-andharan sing wis dibahas ing ndhuwur nuduhake yen ana gegayutane antar sastrawan, sastra, lan masyarakat. Anane pangaribawa anatarane katelu unsur kasebut, saengga panliten tumrap sastra sing mertimbangake segi-segi kemasyarakatan kasebut dening saperangan panulis diarani sosiologi sastra. Ngomongake karya sastra karo kasunyatan dudu bab sing anyar. Sasuwene wong nyinaoni sastra kanthi kritis tuwu

pitakonan wis tekan endi karya sastra dadi kaca pangilon tumprap masyarakat.

### 2.2.6 Kacintrakan

Kacintrakan yaiku kahanan ing perkara sosial salah sawijining pawongan sing kurang akses tumprap sarana-prasarana utawa fasilitas sajroning lingkungane sing arupa papan, sandhang, pangan, pendhidhikan lan uga pangupa jiwane sing ora tamtu. Ritonga (2003:1) ngandharake pangerten ngenani wong mlarat yaiku kahanan panguripan sing sarwa kekurangan sing dialami dening pawongan utawa kulawarga sing ora bisa nyukupi kebutuhan minimal utawa sing prayoga kanggo panguripane. Kabutuhan dhasar minimal sing dikarepake yaiku gegayutan karo kebutuhan pangan, sandhang, papan lan kebutuhan sosial sing dibutuhake saka para warga utawa kulawarga kanggo nyukupi kebutuhan uripe kanthi prayoga.

Kacintrakan duweni titikan-titikan tartamtu, yaiku: 1) ora bisa nyukupi kabutuhan konsumsi dhasar (papan, sandhang, pangan), 2) ora nduweni akses tumrap kabutuhan urip sing dhasar kayata kasehatan, pendhidhikan, sanitasi, banyu resik, transportasi, 3) ora nduweni jaminan masa dhepan sing asipat individual utawa masal, 4) gampang dipengaruhi pengaruh sing asipat individual utawa masal, 5) rendah kualitas sumber dhaya manungsa lan winatese sumber alam, 6) ora anane sesambungan tumprap kagiyatan sosial masyarakat, 7) ora nduweni akses tumrap lapangan kerja lan pangupa jiwa sing sesambungan, 8) ora mampu kanggo ngupaya amarga cacat fisik utawa mental, 9) ora mampu ing bab sosial kayata bocah terlantar, wong wadon korban kekerasan rumah tangga (KDRT), randha mlarat, lan kelompok marjinal lan terpencil.

### 2.3 Lelandhesaning Teoretik

Lelandesaning teoretik sing digunakake sajrone panliten iki yaiku teori sosiologi sastra. Teori sosiologi sastra digunakake kanggo ninthingi babagan bebrayan lan panguripane manungsa sajrone sastra sing gegayutan tumprap panguripan manungsa ing kanyatan. Teori sosiologi sastra sing digunakake sajrone panliten iki yaiku teori sosiologi sastra Ian Watt. Teori sosiologi sastra Ian Watt ndeleng sastra minangka kaca pangilon panguripan masyarakat utawa kaca pangilon kasunyatan lan dudu kasunyatan utawa prastawa sing nyata anane minangka sarana kritik sajrone panguripan sosial. Prastawa sing kedadeyan sajrone karya sastra ngandhut imajinasi saka panganggit sing dipangaribawani saka latar lan panguripan sosial panganggit.

Teori sosiologi sastra digunakake kanggo ninthingi panguripan masyarakat sajrone novel Gempol Anggitane Tulus S sing para paragane ngalami kacintrakan. Kacintrakan sing kedadeyan sajrone novel kasebut banjur dioncek maneh miturt sebabe. Kacintrakan sing dioncek

sajrone novel Gempol anggitane Tulus S ngandhut kritik utawa satir sing kapengin disampekake dening panganggit lumantar karyane. Babagan kasebut cundhuk tumprap teori sosiologi sastra Ian Watt sing mawas sastra minangka kaca pangilon tumprap masyarakat.

## METODHE PANLITEN

### 3.1 Ancangan Panliten

Kanggo nganalisis sajroning panliten iki metodhe panliten sing digunakake yaiku metodhe panliten kualitatif dheskriptif. Miturut Tresiana (2013:33) metodhe panliten kualitatif dheskriptif yaiku jinis metodhe panliten sing paling akeh dipangaribawani dening pandangan-pandangan kuantitatif. Metodhe kualitatif kanthi jinis dheskriptif iki mbiyantu banget tumprap panliti sajroning panlitene. Pendekatan iki dikarepake bisa nggawe andharan-andharan ngenani tulisan, pocapan, utawa tindak tanduk. Ancas saka panliten iki yaiku ndheskripsikake kacintrakan sajroning novel Gempol anggitane Tulus S.

Panulis nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif sajroning ndheskripsikake kacintrakan sajroning novel Gempol anggitane Tulus S. kanthi metodhe iki dhata sing wis dikumpulake bakal diidentifikasi, dianalisis, lan dideskripsikan sing sabanjure panulis bakal menginterpretasikan cundhuk karo tujuwan panulisan.

### 3.2 Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Ing perangan iki bakal diandharake ngenani sumber dhata lan dhata. Prekara sajroning dhata lan saka ngendi dhata-dhata kasebut dijupuk bakal dijlentrehake iki perangan iki. Perangan iki dadi perangan sing wigati banget tumprap panliten amarga tanpa anane kalarone, panliten ora bisa ditindakake amarga ora ana sing arep ditliti.

#### 3.2.1 Sumber Dhata Panliten

Sumber dhata minangka perangan sing penting tumprap panliten. Sumber dhata minangka bahan sing ditliti sajroning panliten. Sumber dhata sajroning ilmu sastra yaiku sastra lan naskah. Miturut Ratna (2009:47) sing dadi sumber dhata panliten kanthi metodhe kualitatif ing ilmu sastra yaiku karya, naskah, dhata panliten, njupuk dhata formal arupa tembung, ukara, lan wacana. Cundhuk karo andharan kasebut, panliten iki kalebu panliten sastra mula nggunakake sumber dhata sing awujud karya sastra. Sumber dhata sing digunakake sajrone panliten iki ana loro, yaiku sumber dhata primer lan sekundher. Sumber dhata primer yaiku novel kanthi irah-irahan “Gempol” anggitane Tulus S. Karya sastra kasebut mujudake crita roman sing nggunakakae basa Jawa.

Novel Gempol nyritakake kacintrakan sing dialami dening para paragane sing manggon ing salah sawijine

dhukuh sing ana ing kutha Madiun. Dhukuh kasebut isih minim banget sarana prasaranane, mula para wargane durung bisa nggayuh pendhidhikan sing cukup awit saka tingkat perekonomiane sing isih kurang banget. Bab kasebut sing nuwuhake pambedane kasta sosial sajrone masyarakat dhukuh kasebut. Anane pambedaa anatarane sing sugeh lan sing mlarat, sing nggantheng lan sing ala, sing ayu lan sing ala, uga sing nduweni kawruh sing amba klawan sing kurang nduweni kawruh.

Sumber dhata sekunder sajrone panliten iki yaiku buku-buku panyengkuyung. Buku-buku panyengkuyung kasebut kayata buku-buku literature sing nyengkuyung kanggo ngonceki novel Gempol kanthi nggunakake tinthingan sosiologi sastra Ian Watt. Mula buku-buku panyengkuyung sajrone panliten iki kudu ana gegayutane karo kacintrakan. Ora mung buku-buku wae sing dadi sumber dhata, nanging uga bisa awujud asil panliten, artikel lan sapanunggalane.

### 3.2.2 Dhata Panliten

Miturut Sunarto, (2001:130), dhata yaiku informasi saka sumber dhata utawa sampel. Dhata uga salah sawijine objek sing didadekake bahan tinthingan. Sumber dhata sing digunakake sajrone panliten sastra yaiku arupa karya sastra utawa naskah, banjur minangka dhata formale yaiku tembung-tebung, ukara lan wacana (Ratna, 2011:16). Dhata sing digunakake sajrone panliten iki arupa tetembungan, larik, ukara, pada, lan solah bawane paraga gegayutan karo kacintrakan sing dumadi sajrone novel “Gempol” anggitane Tulus S. Kacintrakan sing dumadi sajrone novel kasebut antarane yaiku kacintrakan amraga mlarat, kacintrakan amarga susahe nggolek penggawean, lan kacintrakan amarga rendhae tingkat pendhidhikan. Kacintrakan sajrone novel “Gempol” anggitane Tulus S digambarake lumantar paraga-paragane sing urip sarwa kakurangan nganti ora bisa nutukake sekolah sing luwih dhuwur. Kurange tingkat pendhidhikan kasebut nyebabake para paragane kasusahan anggone golek penggewean lan pungkasane mergawe saanane. Salah sawijine penggawean sing ana sajrone novel kasebut yaiku bakul gempol. Gempol minangka salah sawijine panganan tradhisional sing ora akeh wong ngerti lan isih ana ing dhaerah kasebut. Saliyane gempol minangka panganan tradhisional, gempol uga gambaran masyarakat sajrone novel kasebut, yaiku gambaran minangka panganane wong mlarat. Dideleng saka bahane sing mung saka glepung beras lan regane murah banget. Ora mung susahe nggolek penggawean isih ana babagan sing disebebake amarga kacintrakan yaiku anane pambeda antarane sing mlarat lan sing sugeh, sing ayu, bagus lan sing ala. Bab kasebut mangaribawani katresnan lan carane

masyarakat ngregani saben paraga sing ana sajrone novel kasebut.

Prakara-prakara sing wis diandharke kasebut disebabake amarga dhaerah sajrone novel kaebut minangka salah sawijine dhaerah sing isih ana ing proses ngrembaka mula nuwuhake gejala-gejala sosial salah sawijine yaiku kacintrakan. Babagan kasebut cundhuk karo underan panliten sing ana sajrone panliten iki. Crita-crita sing ana sajrone novel “Gempol” ora bisa uwal saka konteks pengarang. Kalungguhan pengarang sajrone novel kasebut uga bakal dadi bab sing bakal dirembug lan uga minangka dhata sajrone panliten iki.

Sakabehe wujud tetembungan, larik, ukara, pada, lan solah bawane paraga dadi salah sawijine bukti kanggo ndhudhah prekara kacintrakan sing dumadi sajrone novel “Gempol” anggitane Tulus S sing ana sajrone panliten iki. Dene dhata sabanjure bakal digayutake karo underan panliten liyane yaiku pangremakane masyarakat sajrone novel Gempol lan kalungguhan pengarang sajrone novel kasebut. Dhata-dhata kasebut kalebu dhata instrinsik yaiku dhata sing dijupuk sajrone karya sastra.

### 3.3 Instrumen Panliten

Intrumen panliten yaiku alat sing digunakake kanggo nglumpukake dhata. Sajroning panliten iki, instrument sing digunakake yaiku panliti dhewe. Arikunto (2010:192) ngandharake, instrument sajrone panliten iki nduweni tujuwan kanggo nyengkuyung nglumpukake dhata. Panliti minangka instrument sajrone panlietn iki, amarga panliti sing bakal nindakake panliti lan nganalisis objek panliten. Panliti dhewe sing uga bakale nglumpukake dhata, nganalisis dhata, nafsirake dhata, lan nyuguuhake asil panliten.

Panliti minangka instrument utama uga mbutuhake saperangan piranti utawa alat panyengkuyung. Piranti-piranti panyengkuyung liyane, ing antarane polpen, potelot, spidol, buku, lan kertas. Piranti kasebut minangka panyengkuyung lan kanggo nglancarake panliti sajroning nindakake proses panliten ninthingi novel Gempol anggitane Tulus S iki.

### 3.4 Metodhe lan Tatacara Panliten

Metodhe sing digunakanake sajroning panliten iki yaiku kanthi tata cara panliten sing runtut wiwit saka ngumpulake dhata, ngolah dhata, lan nulis asiling panliten. Saben perangan nduweni paugeran dhewe-dhewe lan bakal dijentrehake luwih cetha ing ngisor iki.

#### 3.4.1 Tata Cara Panglumpuking Dhata Pnliton

Teknik sing digunakake kanggo ngumpulake dhata ing panliten iki yaiku teknik maca cathet lan teknik dokumen, kanthi cara ngumpulake tembung, frasa, klaus, ukara

saka punggelaning pada sing ana sajroning novel Gempol anggitane Tulus S kaloro teknik mau digabung supaya bisa oleh dhata sing dadi ancuse panliten.

### 1) Maca lan Mangerten Novel Gempol

Ing tahapan iki panliti maca lan mangerten crita sajroning novel Gempol anggitane Tulus S nganti rampung kanthi tliti lan dibolan-baleni supaya gampang anggone nganalisis.

### 2) Inventarisasi Dhata

Sawise maca kanthi dibolan-baleni novel Gempol anggitane Tulus S banjur panliti nyathet dhata-dhataa sing wujude bisa arupa tembung, ukara, lan pada sing ana gegayutane ing panliten iki sing awujud kacintrakan sajroning novel Gempol anggitane Tulus S.

### 3) Klasifikasi Dhata

Sawise panliti maca kanthi tliti lan dibolan-baleni, banjur nyathet dhata sing ana gegayutane sajroning panliten. Ing perangan iki panliti nglumpukake dhata sing ana sajroning novel Gempol anggitane Tulus S adhedhasar teori, undheran panliten uga ancuse panliten. Ancas saka bab iki yaiku supaya panliti luwih gampang anggone nganalisis dhata sajroning novel Gempol anggitane Tulus S, kanthi cara misahake perangan-perangan sajroning novel Gempol anggitane Tulus S. sing ora ana gegayutane karo teori sing dianggo sajroning panliten iki.

### 3.4.2 Tata Cara Pangolahing Dhata

Analisis dhata yaiku proses nglumpukake dhata lan ngurutake dhata menyang pola, kategori, lan panemu wiwitan saengga bisa ditemokake tema lan ngrumusake lan diperang miturut jinise. Panliten iki nggunakake teknik analisis dhata ing antarane yaiku teknik klasifikasi, dheskripsi, lan analisis. Dhata sing wis dikumpulake banjur diperang manut jinise lan diklasifikasikake miturut analisi dhatane.

Teknik kaloro yaiku teknik dheskriptif. Yaiku dhata-dhata sing wis diklasifikasikake lan diandharake tanpa anane pambiji utawa saanane. Kanthi nggunakake metodhe dheskriptif banjur diandharake ngenani kacintrakan sajroning novel Gempol anggitane Tulus S.

Sing pungkasan yaiku teknik analisis sing ana ing tinthingan sosiologi sastra. Teknik analisis iki yaiku kanthi cara ngumpulake tembung utawa ukara saka pretelan novel Gempol anggitane Tulus S arupa tembung lan ukara sing nggabarake kacintrakan sing dumadi sajrone nobel kasebut.

### 3.4.3 Tata Cara Nyuguuhake Dhata

Nalika nyuguuhake asile panliten, tata cara sing ditindakake yaiku sawise njlentrehake dhata tumprap novel Gempol, diandharake arupa dheskripsi ngenani gegambaran kacintrakan sajrone novel Gempol anggitane

Tulus S. panliten iki disusun kanthi sistematika saka limang bab, yaiku:

Bab I: Minangka purwaka saka panliten sing ngandhut sub-sub bab ing antarane yaiku lelandhesane panliten, ancuse panliten, lan wewatesaning tetembungan.

Bab II: Minangka bab sing ngandharake tinthingan kapustakan sing ngandhut sub bab ing antarane yaiku panliten sing saemper, lan lelandhesaning kayata sosiologi sastra lan konsep-konsep sing gegayutan karo sosiologi sastra.

Bab III: Minangka metodhe panliten sing ngandhut sub-sub bab ing antarane yaiku ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, instrumen panliten, tata cara nglumpukake dhata, tata cara njlentrehake dhata, lan tata cara nyuguuhake dhata.

Bab IV: Minangka bab sing isine andharan saka asil panliten sing kaperang dadi telung sub bab miturut undheraning panliten yaiku (1) pangrembakane masyarakat sajroning novel Gempol anggitane Tulus S, (2) kacintrakan sajroning novel Gempol anggitane Tulus S, lan (3) sudut pandang pengarang sajrone novel Gempol anggitane Tulus S.

Bab V: Minangka bab sing pungkasan yaiku bab panutup isine ngenani dudutan lan pamrayoga.

## ANDHARAN

### 4.1 Kahanan Sosial Masyarakat sajrone Novel Gempol sing Digambarake dening Tulus S sajrone Karyane

Saben masyarakat mesthi wae ngalami kahanan sosial sing maneka warna sajrone panguripane. Masyarakat utawa manungsa sasuwene urip mesthi bakal ngalami owah-owahan sajrone saperangan aspek panguripane. Bisa sing dumadi ana ing tengah-tengah interaksi anatarane individhu warga masyarakat, lan uga antarane masyarakat tumprap lingkungan panguripane. Babagan owah-owahan kasebut tuladhané bisa dideleng saka panguripane awake dhewe saiki lan pirang taun kapungkur utawa pirang puluh taun kapungkur, mesthi wae ana owah-owahan sing dumadi sajrone panguripane manungsa. Wiwit saka pergaulan tumprap anggota masyarakat saben dinane, cara panyandhang, sajrone urip ing kulawarga, kagiyatan ekonomi utawa penggaweane, agama, lan liya-liyane. Kabeh aspek kasebut uga dirasakake dening masyarakat liyane, sing mbedakake yaiku cepete utawa laju dumadine owah-owahan kasebut, lan uga cakupan aspek panguripan sing dimaksud (Asnawi, Tahir, Sulaiman Asang n.d.)

Perangan kapisan sing bakal dirembug yaiku kahanan sosial masyarakat sajrone Novel Gempol sing digambarake dening Tulus S sajrone karyane. Kahanan sosial sing dialami dening masyarakat sajrone novel Gempol mung winates, ing antarane yaiku pangrembakane kasta sosial sajrone Novel Gempol anggitane Tulus S sing

bakal diperang dadi loro yaiku: (1) pakaryan, (2) gaya hidup kang bakal diandharake ing ngisor iki.

#### 4.1.1 Pakaryan

Pakaryan minangka salah sawijine bab wajib sing kudu dinduwени lan ngasilake dhuwit sing bisa digunakake dening manungsa supaya bisa nyukupi kabutuhan, ateges amarga nduweni pakaryan manungsa bisa makarya lan ngasilake dhuwit kanggo nyukupi kabutuhan uripe. Pakaryan akeh jinis cundhuk karo skill utawa kabisan sing dinduweni lan sing paling penting yaiku lingkungan ing ngendi masyarakat kasebut urip lan ngrembaka. Tuladhane, masyarakat sing urip ana ing kutha sarana prasaranane bisa nyiptakake lapangan pakaryan sing ana ing lingkungane kayata kerja kantoran, buruh pabrik, lan liya-liyane. Beda karo masyarakat sing urip ana ing ndesa, lapangan pakaryan sing cumepak tuladhane tani, bakul, ngrantau dadi PRT utawa TKI. Prekara kasebut ora bisa uwal saka tingkat pendhidhikan sing ana sajrone masyarakat. Tingkat pendhidhikan nduweni pangariwaba sing gedhe tumprap pakaryan sing bakal diolehake.

Tingkat pendhidhikan lan jinis pakaryan sing wis dirembuk kasebut uga ora bisa uwal saka prekara ekonomi, amarga ekonomi wong bisa sekolah luwih dhuwur, amarga ekonomi dhaerah bisa ngrembakake apa sing ana ing kono lan nyiptakake lapangan pakaryan sing luwih maju kaya sing ana ing kutha-kutha utawa negara liya sing luwih maju. Prekara kasebut dialami dening saperangan paraga sajrone novel Gempol anggitane Tulus S sing bakal diandharake ing ngisor iki.

Sawijine dina nalika Sukarti ngedoli langganane, ana bocah lanang sing sajak nguwasake marang dheweke. Bocah lanang kasebut durung nate diweruhi Sukarti sadurunge. Yu Lasmi langganane gempol Sukarti banjur ngenaleke bocah lanang kuwi ponakane sing lagi bali kerja saka luwar negeri. Lelakon kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Dikandhani bakule kok ora percaya,” sumelane Yu Lasmi. “Iki ponakanku jenenge Tarmuji Mbak, asale saka Ngawi. Dheweke lagi bali saka Korea. Dhuwite akeh olehe mrene arep andum rejeki.”

“Yu Lasmi ana-ana wae,” Tarmuji sajak isin. “Wis Yu njupuka sing akeh mengko dakdhuwitane kabeh.”

“Hla iya ngono, arep kanggo apa dhuwitmu mengko,” panggodhane Yu Lasmi. (Gempol, 2018:34).

Pethikan kasebut nuduhake nalika Yu Lasmi sing dadi langganane gempole Sukarti ngenalake ponakane yaiku Tarmuji sing asale saka ngawi lan lagi wae mulih kerja saka Korea. Yu Sumi sajak ngunggul-unggulake Tarmuji sing dianggep dhuwite akeh olehe kerja saka Korea kuwi.

TKI ing kene dianggep salah sawijine penggawean sing luhur amarga dianggep bisa ngasilake dhuwit sing akeh, masiya sejatiné TKI mono uga pembantu padha karo PRT (Pembantu Rumah Tangga) nanging amarga panggon kerjane sing ana luar negeri dianggep luwih dhuwur tinimbang PRT. Kahanan kasebut nuduhake anane kasta sosial babagan pakryan, yaiku TKI sing dianggep nduweni kasta sing luwih dhuwur tinimbang PRT, bakul utawa tani sing ana ing kono.

Tarmuji sing nguwasake Sukarti wiwit mau sajak ana sing dikarepake. Sawise nukoni gempole, banjur tetepungan lan guyon bareng. Yu Sumi banjur mlebu menyang omah. Nalika Yu Sum iwis ana ing njero omah, Tarmuji ngetokake dhompete lan ngelungake dhuwit telung atus ewu menyang Sukarti, kamangka olehe tuku gempol mau ora nganti samono. Kahanan kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Bocah loro banjur tepungan lan guyon sithik. Sukarti banjur pamit arep ider maneh, awit ora kepenak karo Yu Lasmi sing wis mlebu omah. Tarmuji banjur mbukak dhompet lan menehi atusan ewon cacah telu. “Mbak iki kanggo kowe, wis age budhal sesuk ketemu maneh!”

“Mas iki kakehan banget.”

“Aku ngerti, wis aja dirembuk. Cepet nerusna lakumu, ora kepenak karo Yu Lasmi,” kandhane Tarmuji lirih, banjur mlebu omah. (Gempol, 2018:35).

Pethikan kasebut nuduhake nalika Tramiji lan Sukarti tetepungan. Tarmuji sing lagi mulih kerja saka Korea kapengin pamer tumprap Sukarti yen dheweke nduwe dhuwit akeh. Tarmuji sing uga sajak nduwe karep marang Sukarti kapengin njupuk atine Sukarti lumantar dhuwite kasebut, amarga TKI ing kene dianggep penggawean sing becik lan ngasilake dhuwit sing akeh mula nuwuhake anane kasta sosial antarane TKI lan penggawean liyane sing ana ing kono, kayata tani, bakul, lan pangon wedhus. Babagan kasebut dibuktekake lumantar Tarmuji sing kapengin ndudut atine Sukarti kanthi cara menehi Sukarti dhuwit telung atus ewu supaya Sukarti mangerten yen dheweke akeh dhuwit lan bisa seneng marang dheweke.

#### 4.1.2 Gaya Hidup

Gaya hidup utawa *Life Style* yaiku minangka bageyan saka kabutuhan sekundher manungsa sing bisa owah saben wektune lan kapenginan manungsa kasebut kanggo ngowahi haya hidupe. Gaya hidup bisa dimangerten saka akeh aspek kayata, cara panganggone, padatan, pamilihan barang-barang sing digunakake sajrone uripe, lan panganan sing dikonsumsi saben dinane. Gaya hidup bisa dianggep relatif gumantung pambijine wong liya. Pangerten liya ngenani gaya hidup yaiku gambaran salah

tingkah, pola lan cara urip sing dituduhake lumantar kagiyatan saben dinane, minat lan kabeh sing dipikirake babagan awake dhewe ndadekake anane pambeda babagan status saka wong liya lan lingkungane lumantar pralambang sosial sing diduweni.

Babagan kapindho sing bakal dijilentrehake ana ing kene yaiku ngenani anane kasta sosial babagan gaya hidup sajrone novel Gempol anggitane Tulus S. Saka underan panliten kang kapisan wis dijilentrehake ngenani kahanan sosial sing ana sajrone novel Gempol anggitane Tulus S kang diperang dadi loro yaiku (1) penggawean lan (2) gaya hidup. Ing sub-bab kaping pisan wis dijilentrehake ngenani penggawean, ing kene bakal dijilentrehake ngenani kasta sosial babagan gaya hidup. Kasta sosial babagan gaya hidup sajrone novel Gempol ana telung perangan, yaiku a) panganggone, b) barang-barang, lan (c) panganan. Ing ngisor iki bakal dijilentrehake ngenani kasta sosial babagan panganggone kasebut.

#### a) Panganggone

Sandhangan minangka salah sawijine kabutuhan sing penting tumrap panguripan manungsa. Nalika lagi nganggo sandhangan, sandhangan kasebut bakal dadi pambiji utawa judgement awake dhewe tumrap wong-wong sing bakal ditemoni. Sandhangan miturut Thomas Carlyle yaiku pralambang jiwa, sandhangan ora bisa dipisahake saka perkembangan sejarah panguripan lan budayane manungsa. Gaya utawa Fashion di metaforakan minangka kulit sosial sing nggawa pesen lan gaya hidup komunitas tartamtu minangka bageyan saka panguripan sosial. Saliyane kuwi, gaya uga minangka gambaran saka idhentitas tartamtu.

Fashion lan gaya hidup sing dipilih saben pawongan bisa nuduhake kepriye pawongan kasebut milih gaya hidup sing ditindakake. Pawongan sing fashionable mengkonstruksikan pawongan kasebut kanggo nggetutake tren sing ana. Babagan kasebut nuduhake yen sajrone jagade modern gaya hidup ngrewangi kanggo nemtokake sikap lan pambiji uga nuduhake status sosial. Prekara panganggone sing nuduhake anane kasta sosial kasebut dialami dening saperangan paraga sajrone novel Gempol anggitane Tulus S sing bakal diandharake ing ngisor iki.

Mbok Karminem minangka salah sawijine paraga sing ngalami anane kasta sosial babagan gaya hidup panganggone. Mbok Karminem pawongan tuwa sing penggaweane bakul gempol kuwi saben dina tangi esuk kanggo nyiyapake dagangane. Ora lali dandan saanane lan kanthi semangat budhal ngiderake gempole. Kahanan kasebut bisa dideleg saka pethikan ing ngisor iki.

“Rambute digelung, nganggo kebaya lan nyamping. Ora keri pupuran nandyan mung nganggo wedhak bago. Kanthi semangat ngiderake gempole. Nggangin, Bajang, Kepel, Patang, Jogobayan, Nglames lan

padhukuhan-padhukuhan liyane kala-kala nganti tekan kutha. Menawa bali banjur nyangking blanja kayata klapa, uyah lan liya-liyane. Mbok Karminen pancek sabar anggone ngladeni langganane. Apamaneh mlaku kurang luwih limang kilometer saben dina. Dadi budhal mulih bisa nganti sepuluh kilometer.” (Gempol, 2018:2).

Pethikan kasebut nuduhake padatan Mbok Karminem saben esuk nalika arep budhal ngiderake gempole. Sawise nyiyape lan nata dagangane, banjur dandan saanane. Nganggo kebaya, rambute digelung lan nganggo nyamping. Saliyane kuwi uga dandan kayata pupuran nggunakake wedak bago. Anane kasta sosial gaya hidup babagan pangganggone ing kene dituduhake saka para Mbok Karminem sing penggaweane bakul gempol. Mbok Karminem sing pancek asale saka wong ora nduwe mung bisa dandan saanane nggunakake wedak bagor, rambute digelung lan uga nganggo klambi yaiku kebaya lan nyamping sing jumbuh karo yuswane sing wis tuwa.

#### b) Barang-Barang

Sajrone panguripan bebrayan masyarakat barang-barang sing diduweni lan dianggo saben wong minangka salah sawijine babagan sing bisa nuduhake anane kasta sosial antarane wong sugih lan wong mlarat. Wong sugih bakal nggunakake utawa milih barang lan prodhuk sing apik lan regane larang amarga pancek dheweke nduwe dhuwit kanggo tuku barang-barang kasebut, beda karo wong mlarat barang lan prodhuk sing digunakake biyasane sing regane murah cundhuk karo dhuwit sing diduweni malah kadhang mung nggunakake barang lan prodhuk apa anane. Ing ngisor iki bakal dijilentrehake ngenani anane kasta sosial babagan barang-barang.

Dhukuh Bangkal minangka salah sawijine dhukuh sing kalebu wewengkon Kabupaten Madiun. Dhukuh kasebut nduweni kabudayan arupa panganan sing diarani srabi lan gempol. Srabi Bangkal iki beda karo srabi liyane, semu kasar lan rada kenyal. Menawa gempol digawe saka glepung beras banjur diglindhingi kaya bakso mangane dicampur karo srabi. Gempol biyasane diwadhahi takir lan mangane nggunakake suru, yakuwi sendhok saka godhong gedhang. Kahanan kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Dhukuh Bangka ling Desa Tulungrejo kalebu wewengkon Kabupaten Madiun, ana crita kang bisa ndudut ati. Padhukuhan cilik kang mapane udakara sepuluh kilometer saka kutha kabupaten nyimpen kabudayan panganan lan isih durung akeh sing ngerten. Panganan kuwi diarani gempol lan srabi. Gempol iku digawe saka glepung beras banjur diglindhingi bunder-bunder kaya bakso lan dikukus.

Dene srabi Bangkal beda karo srabi Solo utawa srabi kang ana ing dhaerah liya. Srabi Bangkal semu kasar lan rada kenyal. Menawa wis mateng banjur diirisi kothak-kothak lan dicampur gempol. Mbiyen mangane diwenehi santen, diwadhahi takir uga suru.” (Gempol, 2018:1).

Pethikan kasebut nuduhake anane kabudayan panganan sing arane gempol, asale saka Dhukuh Bangkal, Madiun. Saliyane gempol uga ana srabi sing mangane dicampur karo gempol. Srabi lan gempol mangane dicampur santen, diwadhahi takir lan nggunakake suru. Kahanan kasebut nuduhake anane kasta sosial babagan barang-barang. Dibuktikake saka barang utawa piranti sing digunakake kanggo mangan. Umume wong mangan nggunakake piranti sendhok lan piring, nanging ing kene nggunakake takir lan suru. Takir lan suru digunakake kanggo mangan amarga gempol ing kene minangka panganane wong cilik. Wong cilik biyasane nggunakake barang-barang sing regane murah utawa malah apa anane ngelingi pancen ora nduwe dhuwit kanggo tuku barang-barang sing larang.

Mbok Karminem pawongan sing yuswane wis tuwa salah sawijine bakul gempol sing asale saka Bangkal. Saben dina Mbok Karminem tangi esuk banjur adus lan nyiyapake ubarampen gempole. Wiwit saka nata gempole ing tenggok sing dilambari godhong gedhang lan marut klapa kanggo santen sing sabanjure diwadhahi kendhil. Menawa kabeh wis tumata banjur budhal mlaku ngiderake gempole. Kahanan kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Wis kaya padatan saben jam papat esuk Mbok Karminem wis tangi turu. Banjur adus lan nata gempole ing tenggok yakuwi kaya rinjing nanging rada cilik banjur dilambari godhong gedhang. Sateruse marut kambil digawe santen lan diwadhahi kendhil.” (Gempol, 2018:2).

Pethikan kasebut nuduhake kahanane Mbok Karminem saben esuk. Mbok Karminem sing penggaweane ider gempol saben jam papat esuk wis tangi saperlu nyiyapake dagangane. Mbok Karminem nggunakake tenggok sing dilambari godhong gedhang kanggo nata dagangane. Saliyane kuwi kanggo wadhadh santene Mbok Karminem nggunakake kendhi. Babagan kasebut dipilih amarga Mbok Karminem salah sawijine paraga sing ekonomi isih rendhah, bojone mung buruh tani. Menawa arep tuku lan nggunakake barang-barang kang apik kayata kranjang kanggo wadhadh dagangane lan teko utawa botol kanggo wadhadh santene, dheweke minangka wong cilik sing panceen asale saka ndesa isih kabotan wiwit regane sing luwih larang tinimbang

tenggok lan kendhi. Kahanan kasebut sing uga nuduhake anane kasta sosial babagan barang-barang sing dialami dening paraga Mbok Karminem.

#### 4.2 Kacintrakan sing Dumadi sajrone Novel Gempol Anggitane Tulus S

Kacintrakan yaiku sawijine kahanan sing dialami dening wong sing lagi sangsara. Kacintrakan bisa dialami dening kabeh manungsa wiwit sing isih cilik nganti tuwa. Kacintrakan bisa rupa fisik lan mental utawa kalarone, amarga kacintrakan asipat subjektif mulane ora bisa diukur abot enthenge kacintrakan sing dialami dening sawijine wong. Wujud saka kacintrakan maneka warna saben pawongan.

Perangan kaspisan sing bakal dirembug yaiku ngenani kacintrakan sing dumadi sajrone Novel Gempol anggitane Tulus S. Maneka warna kahanan kacintrakan sing ana ing novel kasebut, nanging sing bakal diandharake sajrone bab iki mung winates, ing antarane: 1) kacingkrangan, 2) ora bisa nggayuh pendhidhikan sing layak, lan 3) sangsara amarga tresna. Kahanan kacintrakan sajrone novel Gempol anggitane Tulus S sing sepisan yaiku kacingkrangan sing bakal diandharake ana ing ngisor iki.

##### 4.2.1 Kacingkrangan

Kacingkrangan yaiku kurange pendapatane kanggo nyukupi kabutuhan pokok uripe saben dinanae. Kacingkrangan iku prekara sing ndhasari banget tumrap pembangunan nasional. Kacingkrangan uga minangka prekara sing mesthi ana ing Negara sing berkembang sing proses pembangunane durung rata. Wujud saka kacingkrangan uga maneka warna wiwit panguripan sing ana ing kutha lan ndesa, sing masyarakat nduweni tingkat panguripan sing uga beda-beda. Miturut Pusat Statistik (1922), karakteristik kula warga utawama masyarakat sing nandang kacintrakan bisa dideleng saka jumlah wong sing nyambut gawe lan papan uripe, pemilikan lan penguasaan tanah (pertanian), tingkan pendhidhikan lan jam kerja kepala rumah tangga, uga jinis lan status pakaryan. Prekara kasebut dialami dening saperangan paraga sajrone novel Gempol anggitane Tulus S sing bakal diandharake ana ing ngisor iki.

Sukarti bocah sing bakul gempol kuwi ora bisa nerusake sekolahe awit wong tuwane ora bisa ngragadi maneh supaya bisa sekolah menyang jenjang sing luwih dhuwur. Olehe bakulan gempol ora bisa nyukupi kanggo ragad sekolah, uga wong tuwane sing mung buruh tani sing asile mung bisa kanggo mangan. Kahanan kasebut bisa kawawas saka pethikan ing ngisor iki.

“Sukarti bocah wadon kang adol gempol kuwi anake ragil Mbok Karminem. Sawise lulus SMP ora nerusake sekolah awit wong tuwane ora nduwe ragad.

Tinimbang nganggur ing omah banjur reka-reka nerusake penggaweane simboke sing wis mandheg pirang-pirang taun.” (Gempol, 2018:3).

Pethikan kasebut nuduhake kahanane Sukarti sing ora bisa nutugake sekolah nganti tekan jenjang sing luwih dhuwur amarga kulawargane sing ora nduwe ragad. Sukarti banjur nerusake penggaweane simboke yaiku bakul gempol tinimbang nganggur lan ora bisa ngasilake apa-apa. Kahanan kasebut nuduhake anane kacingkrangan sing dialami dening paraga Sukarti awit dheweke ora bisa nutugake sekolah nganti tekan jenjang sing luwih dhuwur banjur nerusake penggaweane simboke bakul gempol supaya bisa ngasilake dhuwit.

Kaya padatan, saben esuk Sukarti budhal ngiderake gempole. Nalika ana ing dalam pikiran nglambrang mikirake marang nasibe. Dheweke kelingan kanca-kancane sing wis kerja lunga tekan omah, dene awake dhewe ora bisa melu ngetutake kanca-kancane kerja menyang kutha. Lelakon kasebut bisa kawawas saka pethikan ing ngisor iki.

“Polatane Sukarti sajak bingung, mikir marang nasibe. Sepedhae terus lumaku mbarengi pikiran kang tekan ngendi-endi. Menawa kelingan kanca-kancane wis padha lunga saka desa padha nyambut gawe thukul rasa meri. Dene kancane sing isih ana desa wis padha omah-omah. Sukarti wiwit biyen satemene wegah ider gempol, kepengin melu kanca-kancane sing kerja menyang Surabaya, Jakarta lan kutha liya-liyane. Nanging, ngelingi lulusan SMP wae arep nyambut gawe apa. Pinter ya ora, rupa pas-pasan. Kala-kala Sukarti nggetuni marang nasibe kang lair saka wong ora nduwe.” (Gempol, 2018:3).

Pethikan kasebut nuduhake nalika Sukarti budhal ngiderake gempol. Pikiran tansah nglambrang mikirake marang nasibe sing lair saka wong ora nduwe. Dheweke satemene wegah ider gempol lan kapengin kerja menyang kutha kaya kanca-kancane supaya bisa ngasilake dhuwit akeh, nanging kapenginan kasebut ora bisa kawujud awit dheweke mung lulusan SMP amarga wong tuwane ora bisa ngragadi sekolah sing luwih dhuwur, kamangka saike penggaweane nuntut pendhidhikan sing luwih dhuwur. Kepeksa dheweke kudu mendhem gegayuhane sing kapengin kerja menyang kutha awit ora nduwe sangu sing cukup, wiwit sangu pengalaman lan uga pendhidhikan. Kahanan kasebut nuduhake anane kacingkrangan sing dialami dening paraga Sukarti.

#### 4.2.2 Ora Bisa Nggayuh Pendhidhikan sing Layak

Kacingkrangan minangka salah sawijine prakara sing nyebabake masyarakat ora bisa nggayuh pendhidhikan

sing layak. Tingkat ekonomi sing rendhah njalari para masyarakat ora saguh kanggo mbayari kabutuhan uripe. Tingkat ekonomi sing rendhah disebabake saka angele golek penggaweane. Awit saka kahanan sing kaya mangkono, akeh wong kang ora nengenake babagan pendhidhikan.

Pendhidhikan penting banget tumrap panguripan. Saka pendhidhikan wong bisa oleh kawruh lan ketrampilan sing bakal digunakake kanggo sangu golek penggaweane. Tingkat pendhidhikan nduweni pangaribawa tumrap penggaweane. Ing jaman sing sarwa modern kaya saiki, saben penggaweane nduweni standart minimal tumrap pegaiwaine. Wong sing nduweni tingkat pendhidhikan sing dhuwur bakale luwih gampang ngolehake penggaweane sing apik, beda dene wong sing ora sekolah utawa tingkat pendhidhikane rendhah, mesthi wae dheweke kurang nduweni ketrampilan lan sing paling penting wawasan. Prakara kasebut dialami dening saperangan paraga sajrone novel Gempol anggitane Tulus S sing bakal diandharake ing ngisor iki.

Salah sawijine paraga sing ora bisa nggayuh pendhidhikan sing layak yaiku Sukarti. bocah wadon kuwi saben dina penggaweane ider gempol nerusake penggaweane simboke sing wis sepuh. Saben dina ngonthel sepedha ngiderake gempole menyang dhukuh-dhukuh sing ana ing desane. Kahanan kasebut bisa kawawas saka pethikan ing ngisor iki.

“Bocah wadon kang lugu kuwi mung sangu ulat sumeh karo ngonthel sepedhae. Ing mburine tombong waduh gempol. Saben-saben mandheg ngampiri langganane sing wis nyegat saben esuk ing pinggir dalan. Sorot mriplate mengku pangangen-angen kang gedhe. Sukarti bocah wadon kang adol gempol kuwi anake ragil Mbok Karminem. Sawise lulus SMP ora nerusake sekolah awit wong tuwane ora nduwe ragad. Tinimbang nganggur ing omah banjur reka-reka nerusake penggaweane simbok sing wis mandheg pirang-pirang taun.” (Gempol, 2018:3).

Pethikan kasebut nuduhake padatane Sukarti saben dina yaiku bakul gempol. Dheweke ora bisa nerusake sekolahe lan kepeksa mung teka SMP amarga wong tuwane ora nduwe ragad kanggo nyekolahake dheweke luwih dhuwur maneh. Awit wong tuwane sing penggaweane mung buruh tani lan bakul gempol sing saiki banjur diterusake dening dheweke. Kahanan kasebut nuduhake paraga Sukarti ora bisa nggayuh pendhidhikan sing layak.

Wiwit biyen Sukarti satemene ora gelem adol gempol, dheweke kapengin melu kancane sing kerja menyang kutha, nanging dheweke ngelingi mung lulusan SMP lan ora nduwe katrampilan apa-apa kanggo kerja. Lelakon kasebut bisa dibuktikake saka pethikan ing ngisor iki.

“Polatane Sukarti sajak bingung, mikir marang nasibe. Sepedhane terus lumaku mbarengi pikiran kang tekan ngendi-endi. Menawa kelingan kanca-kancane wis padha lunga saka desa padha nyambut gawe thukul rasa meri. Dene kancane sing isih ana desa wis padha omah-omah. Sukarti wiwit biyen satemene wegah ider gempol, kepengin melu kanca-kancane sing kerja menyang Surabaya, Jakarta lan kutha liya-liyane. Nanging, ngelingi lulusan SMP wae arep nyambut gawe apa. Pinter ya ora, rupa pas-pasan. Kala-kala Sukarti nggetuni marang nasibe kang lair saka wong ora nduwe.” (Gempol, 2018:3).

Pethikan kasebut nuduhake yen paraga Sukarti ora bisa nggayuh pendhidhikan sing layak. Sukarti sing wong tuwane ora nduwe ora bisa ngragadi dheweke supaya bisa sekolah sing luwih dhuwur, lan tundhane mung bisa sekolah nganti teka SMP. Awit Sukarti sing mung lulusan SMP dheweke ngrasa kangelan nggolek penggawean awit ora nduweni katampilan apa-apa.

Jardi kelingan marang sanggane urip sing abot. Kelingan marang simboke sing mung buruh tani lan kudu ngragadi dheweke lan adhine. Beja dene dheweke isih nduweni kangmase sing wis kerja lan bisa ngrewangi ngragadi sekolahe dheweke biyen. Lelakon kasebut bisa kawawas saka pethikan ing ngisor iki.

“Simboke mung buruh tani karo melu ngopeni wedhus Jardi. Sanggane urip pancer abot. Mbiyen nalika dheweke sekolah sing ngragadi kangmase. Saiki ganti dheweke nduwe giliran ngragadi adhine. Karepe mbiyen ngono sawise lulus SMK, Jardi arep nusul kangmase menyang Surabaya. Nanging, karo simboke ora oleh awit dikongkon njaga wong tuwane lan adhine. Banjur Jardi mutung ora gelem nyambut gawe kejaba angon wedhus lan dadi buruh tani.” (Gempol, 2018:8).

Pethikan kasebut nuduhake yen paraga Jardi ora bisa nggayuh pendhidhikan sing layak. Kahanan kasebut dibuktikake lumantar Jardi sing mung bisa lulus saka SMK amarga pambiyantune kangmase. Jardi ora bisa nerusake sekolah sing luwih dhuwur wiwit wong tuwane ora nduwe ragad kanggo nyekolahe maneh.

#### 4.2.3 Sangsara amarga Tresna

Kacingkarangan minangka salah sawijine pakara sing njalari anane kasusahan sajrone panguripan. Kasusahan sing disebebé dening anane kacingkrangan maneka warna, bisa babagan panguripan saben dina sing kalebu sandhang, pangan, lan papan, kabutuhan tumrap pendhidhikan, lan uga katesnan. Kabeh kabutuhan kuwi mau bisa kawujud yen nduweni dhuwit. Manungsa urip ana ing ndonya mesthi wae merlokake dhuwit kanggo nyukupi kabutuhan uripe, amarga dhuwit wong bisa

sekolah, amarga dhuwit uga wong bisa nyukupi kabutuhan uripe. Ora beda uga ing babagan katesnan sing uga merlokake dhuwit. Ora bisa disingkrihi kadhang kala kanggo ndudut atine wong pancer kudu ana salah siji sing onjo saka saben pawongan, ing antarane yaiku bandha lan rupa. Amarga rupa wong bisa tresna, kala-kala amarga bandha wong uga bisa tresna nanging amarga tresna uga wong bisa sangsara. Praraka kasebut sing uga dialami dening saperangan paraga sing ana sajrone novel Gempol anggitane Tulus S sing bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

Paraga Jardi sing lagi tiba tresna marang Sukarti nanging ndadekake pikiran tumrap dheweke minangka salah sawijine lelakon sing nuduhake anane sangsara amarga tresna. Jardi sing wis kesengsem marang Sukarti saben dina mung tansah kapikiran karo bocah wadon kuwi, nanging kahanan uripe sing mung tukang angon wedhus kuwi ndadekake ciyute atine menawa arep nyandhing Sukarti. Lelakon kasebut bisa kawawas saka pethikan ing ngisor iki.

“Wengi kuwi Jardi lungguh lincak ngarep omah dhewekan. Panyawange adoh banget sajak ana kang dipikiran. Semilire angina kaya ngeacak marang lakune pangangen. Apa maneh sing dipikirake menawa ora bakul gempol kuwi. Nadyan Karti ora pati ayu, pancer dhasare bocah ndesa wae, nanging bisa ndudut atine. Eling-eling Jardi dhewe uga anake wong ora nduwe. Tunggale telu lan bapake wis tilar donya patang taun kapungkur. Jarwo kangmase saiki wis kerja ing Surabaya. Dene adhike Indri lagi kelas loro SMU.” (Gempol, 2018:8).

Pethikan kasebut nuduhake kahanane Jardi sing lagi tiba tresna marang Sukarti nanging ndadekake dheweke mikirake marang nasib uripe dadi wong ora nduwe. Jardi sing kapengin nyandhing Sukarti ciut atine awit mikirake apa gelem Sukarti nrima dheweke sing ora nduwe apa-apa kuwi. Kahanan uripe sing isih sarwa kakurangan kuwi ndadekake ciyut atine menawa arep nyandhing Sukarti.

Jardi pancer wis kesengsem karo Sukarti lan golek cara supaya bisa ndudut atine Sukarti. Jardi nduweni niyatkan kanggo ngedol wedhus kanggo sangu pacaran karo Sukarti lan turahane arep digunakake kanggo ragad rabi mbesuk. Wedhus kasebut satemene minangka celengan kanggo kabutuhan uripe lan ragad sekolah adhine, nanging amarga Jardi sajak ora bisa ngempet marang niyate sing kapengin bisa ndudut atine Sukarti banjur nduweni niyat ngedol wedhus. Lelakon kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Pancer wedhus loro niyat arep didol siji. Dhuwite arep kanggo sangu pacaran karo Sukarti, dene sing siji digedhekake kanggo jagan menawa rabi mengko. Bareng adhine godha dhuwit, Jardi sajak gela banget.

Sawengi utuh mung nggrundhel dhewekan. Saiki sing dipikirake kepiye anggone tetep golek cara kanggo ndudut atine Sukarti.” (Gempol, 2018:10).

Pethikan kasebut nuduhake Jardi sing kapengin ngedol wedhuse kanggo sangu pacaran karo Sukarti. Jardi sing mung nduweni wedhus sing bisa didadekake dhuwit ora nduwe pilihan liya saliyane ngedol wedhuse supaya bisa ngasilake dhuwit. Kamanga wedhus kuwi niyate kanggo jagan yen ana butuh sawayah-wayah dhewke lan adhine, nanging awit kapenginane bisa ndudut atine Sukarti wedhus kuwi banjur didol.

Ditulak dening Sukarti ora ndadekake Jardi cilik atine. Jardi tetep ngupaya supaya bisa ngolehake atine Sukarti. Jardi kapengin nukokake HP kanggo Sukarti yen Sukarti gelem dadi pacare, masiya kanggo mujudake kapenginane kasebut Jardi kudu lila ngedol wedhuse, awit pancen dheweke mung nduweni wedhus kuwi sing bisa ngasilale dhuwit kanggo tuku HP. Lelakon kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor.

“Jardi sadhar menawa ajine wedhus siji isih durung cukup kanggo tuku heandphone sing modhel anyar. Banjur ngeluhake marang nasibe anggone dadi wong cilik. Pancen saiki arep mangan ora kekurangan, nanging awit lakune jaman butuhe liyane sajak ora bisa ditututi. Kala-kala Jardi nduwe pikiran ala kanggo mburu golek dhuwit sing akeh. Ndilalah batine isih wedi dosa, apamaneh menawa nonton tivi wong-wong sing cilaka kuwi malah dadi bandhan lan gawe wirange. Dumadakan luhe tumetes ngelingi bapakne mbiyen sing wis adus kringet nanging ora thukul bejane. Wiwit mbiyen nganti tekan saiki isih tetep dadi wong ora nduwe.” (Gempol, 2018:15).

Pethikan kasebut nuduhake yen paraga Jardi sangsara amarga tresna. Babagan kasebut dibuktikake saka Jardi sing wis ditulak dening Sukarti nanging isih kapengin ndudut atine Sukarti kanthi cara nukokake Sukarti HP. Kanggo mujudake kepenginane bisa nukokake HP, Jardi kepeksa ngedol wedhuse, awit pancen dheweke mung nduweni wedhus kuwi ngelingi Jardi mung anake wong ora nduwe lan penggaweane mung angon wedhus saben dinane sing asile kala-kala kanggo mangan wae ora cukup. Kapenginane Jardi supaya bisa nyandhing Sukarti gedhe banget, nganti dheweke lila kerja apa wae supaya bisa kanggo nglamar Sukarti. awit eling-eling Jardi urung nduwe ragad kanggo pacaran utawa rabi. Kahanan kasebut bisa kawatas saka pethikan ing ngisor iki.

“Niyate Jardi wiwit saiki semangat kerja banjur celeng-celeng kanggo nglamar si Sukarti. ora perdu dadi buruh tani utawa kuli sing baku bisa ngentukake dhuwit.” (Gempol, 2018:15).

Pethikan kasebut nuduhake kahanane Jardi sing kapengin bisa nyandhing Sukarti. Jardi lila kerja apa wae waton bisa ngasilake dhuwit kanggo nglamar Sukarti. Eling-eling penggaweane sing mung angon wedhus ora bisa ngasilake dhuwit saben dinane sing bisa dicelangi kanggo ragade mbesok rabi. Kahanan kasebut nuduhake yen paraga Jardi sangsara amarga tresna.

Jardi sing niyate arep ngedol wedhuse kanggo nukokake HP Sukarti dumadakan adhine butuh ragad kanggo nglencer sekolahe menyang Bali. Wedhus sing niyate arep didol kanggo tuku HP kepekso didol kanggo ragad adhiene lan ndadekake dheweke kapikiran marang ragad rabine mbesok kepriye. Kahanan kasebut bisa kawatas saka pethikan ing ngisor iki.

“Jardi banjur plenggong pikirane menawa wedhus nganti didol kabeh banjur ora nduwe celengan kanggo nyiyapake rabi mbesok.” (Gempol, 2018:17).

Pethikan kasebut nuduhake Jardi sing bingung amarga wedhus sing disiyapake kanggo ragad pacaran lan rabi karo Sukarti kapeksa didol amarga adhine sing butuh ragad sekolah. Kahanan kasebut ndadekake dheweke mikirake marang nasib tresnane marang Sukarti. Wedhus sing digadhang-gadhang kanggo celengan mbesuk ragade rabi karo Sukarti banjur kepeksa kudu didol. Lelakon kasebut nuduhake paraga Jardi sangsara amarga tresna.

#### 4.3 Kalungguhan Panganggit sajrone Novel Gempol Anggitane Tulus S

Prakara-prakara sajrone masyarakat bisa dadi sumber inspirasi lan pamikiran lelandhesan panganggit sajrone ngasilake karya sastra mliline novel. Prakara-prakara kasebut disampekae kanthi carane pangripta sing dibarengi karo tawaran solusi sing diciptakake dhewe selaras karo kondisi ideologi lan sosial budaya sing dadi lelandhesane. Kanthi kabisan babagan imajinasi, visi, asumsi, lan kadhar intertektualitas sing diduweni, pangripta bisa nggambareke realitas sing ana sajrone karyane. Kanyatan sosial sing ana bisa arupa prakara-prakara sosial sing dialami dening masyarakat. Prakara-prakara sosial kasebut bisa arupa kacingkrangan sing dumadi sajrone masyarakat sing gumantung saka sistem nilai sosial kasebut. Babagan kasebut disampekae dening panganggit lumantar para paraga-paragane.

Panguripan sing digambarake sajrone novel kanthi irah-irahan Gempol anggitane Tulus S nggambareke katresnan para rumaja ing jaman saiki sing wis akeh nerak paugeran lan tata karma. Saliyane iku, novel kasebut uga nyritakake bab anane kabudayan arupa panganan sing diarani gempol sing saiki wiwit ilang. Lumantar karyane kasebut, Tulus S kapengin nyampekake kritik tumrap pamarentah babagan kabudayan panganan gempol sing mbuthuhake perhatiyan

sing digambarake lumantar panguripan para paraga-paragane. Kritik sing disampekake panganggit sajrone novel kasebut diperang dadi loro yaiku (1) kritik tumrap pamarentah lan (2) kritik tumrap rumaja jaman saiki. Babagan kasebut bakal diandharake ing ngisor iki.

#### 4.3.1 Kritik Tumrap Pamarentah

Pamarentah minangka wong sing nduweni kakuwasan sajrone negara nyekel peran sing penting banget.

Salah sawijine kritik sing disampekake dening panganggit tumrap pamarentah yaiku ngenani anane kabudayan panganan gempol sing wis wiwit ilang. Kritik kasebut disampekake lumantar paraga Sukarti, yaiku salah sawijine paraga sajrone novel Gempol sing penggaweane saben dina ider gempol. Kritik kasebut bisa kawawas saka pethikan ing ngisor iki.

Jardi sing lagi jaduman karo Sukarti ngrembug babagan akeh sing durung mangerteni panganan gempol, awit pancen mung ana ing Desa Tulungrejo yaiku dhaerah asale panganan kasebut. Kamangka panganan-panganan sing liya bisa moncer nganti teka luwar dhaerah malah kala-kala bisa nganti luwar negri. Kurange kawigaten saka pamarentah ndadekake gempol ora bisa dikenal dening para masyarakat kaya panganan-panganan liyane. Kahanan kasebut nuduhake anane kritik dibuktikake saka pethikan ing ngisor iki.

““Lha nasibe gempol sapa ngerti?” wangulané Sukarti karo nyawang Jardi. “Tuladhane srabi, saiki barang kuwi wis padha didol turut ngendi wae. Mlebu restaurant, pasar, mal lan liya-liyane.”

“Lha srabimu kok ora bisa?”

“Yakuwi sing dakpikir nganti tekan saiki,” Karti banjur meneng sedhela karo unjal ambeban. “Mangka srabi Bangkal iki beda banget karo srabi dhaerah liya. Lan sangertiku gempol iki anane ya mung ing dhukuhé dhewe. Nanging, ngapa isih durung bisa kawentar?”

“Apa ora ana kawigaten saka pamarentah dhaerah?”” (Gempol, 2018:12).

Pethikan kasebut nuduhake kritik sing disampekake dening panganggit tumrap pamarentah lumantar paraga Sukarti ngenani kurange peran pamarentah supaya panganan gempol bisa moncer. Kamangka panganan liyane bisa moncer nganti bisa mlebu ing restaurant, mal, lan pasar nanging panganan gempol isih mung wong desa asale wae sing wis mangerten. Peran pamarentah dibutuhake supaya gempol bisa moncer lan dikenal dening masyarakat kaya panganan-panganan liyane sing saiki wis bisa mlebu ing restaurant.

Pirembugane Sukarti lan Jardi ngenani gempol mikirake marang nasib anane panganan kasebut. Kawigaten saka pamarentah tumrap panganan gempol pancen dibutuhake

banget mligini saka kepriye carane supaya panganan gempol bisa dikenal dening para masyarakat. Ngenalake gempol bisa diiwit saka bab sing cilik sing bisa ditindakake pamarentah nalika ana acara sing ngundang wong-wong saka dhaerah liya. Kritik kasebut bisa kawawas saka pethikan ing ngisor iki.

““Lha supaya bisa moncer piye?”

“Kudu kerep melu festival panganan utawa kanggo suguh ing pasamuan-pasamuan kang penting. Tuladhane acara kongres, seminar, rapat lan liya-liyane sing tujuwane kanggo nepungake panganan iki.”” (Gempol, 2018:12).

Pethikan kasebut nuduhake kritik sing disampekake dening panganggit tumrap pamarentah ngenani peran pamarentah supaya panganan gempol bisa dikenal dening masyarakat. Ngenalake gempol tumrap masyarakat bisa diiwiti saka pamarentah dhewe sing ngenalake gempol kanthi cara ndadekake gempol minangka suguhan nalika ana acara pamarentahan, kayata rapat, kongres seminar lan liya-liyane. Kanthi cara mangkono panganan gempol bisa dilestarekake maneh lan dikenal dening masyarakat.

Jardi kelingan marang pangan-panganan khas Madiun. Panganan-panganan sing wis moncer saiki wis akeh sing nduweni hak paten, kamangka hak paten kasebut uga merlokake peran pamarentah. Panganan gempol sing dadi kabudayan daerah Tulungrejo kudune uga nduweni hak paten kaya panganan-panganan liyane supaya ora diklaim dening dhaerah utawa negara liya. Leakon kasebut nuduhake anane kritik panganggit tumrap pamarentah bisa kawawas saka pethikan ing ngisor iki.

““Srabi gempolmu apa wis nduweni hak paten. Mengko menawa dipatenake dhaerah liya piye? Awit kabare brem lan sambel pecel wis dipatenake dhaerah liya. Mangka panganan kuwi sing kawentar saka Medium.”” (Gempol, 2018:12).

Pethikan kasebut nuduhake anane kritik saka panganggit tumrap pamarentah ngenani pamarentah sing kurang perduli karo kabudayan panganan sing ana ing Madiun. Panganan-panganan khas Madiun samadyane diwenehi hak paten supaya ora diklaim dening dhaerah liya. Kayata panganan sing wis dadi ciri khase Madiun yaiku brem lan sambel kacang saiki wis diklaim lan hak patene wis diduweni dening dhaerah liya. Babagan kasebut amarga kurang tanggape lan perduline pamarentah tumrap kabudayan panganan. Gempol sing durung moncer kudune diwenehi hak paten, saliyane lumantar dipatenake panganan gempol kasebut minangka salah sawijine panganan khas Madiun, gempol uga bisa luwih dikenal dening para masyarakat lan nasibe dikarepake ora kaya brem lan sambel kacang amarga lalaine pamarentah.

Omongane Jardi ngenani hak paten panganan gempol ndadekake Sukarti tansaya bingung. Gempol bisa dipatenake minangka salah sawijine panganan khas Madiun yen diwenehi hak paten dening pamarentah, nanging kepriye pamarentah bisa menehi hak paten yen durung mangerteni babagan panganan gempol. Kahanan kasebut bisa dumadi amarga kurang anane perhatian pamarentah tumprap kabudayan mliline bab panganan. Kahanan kasebut nuduhake anane kritik saka panganggit tumprap pamarenatah bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Sukarti mung ndomblong wae ngrungokake kandhane Jardi. Apa ya bener amung ajine panganan kaya ngono wae arep kango rebutan hak paten. Karomaneh sing menehi hak paten kuwi apa ya dunung marang sejarah asale panganan kok nganti wani menehi hak kuwi. Sukarti unjal ambegan sajak mikir marang panganan kang saben dina diiderake kuwi.” (Gempol, 2018:12).

Pethikan kasebut nuduhake anane kritik saka panganggit tumprap pamarentah ngenani hak paten tumprap panganan gempol sing dikarepake. Hak paten bisa ana amaraga peran pamarentah, nanging kepriye pamarentah bisa matenake gempol minangka salah sawijine panganan khas Madiun yen mangerteni sejahe gempol wae ora ngerti babar blas. Babagan kasebut amarga pamarentah kurang mangerteni kabudayan sing thukul ana ing masyarakat sing anane wis wiwit biyen supaya ora ilang mliline bab panganan. Masyarakat mliline dhaerah asale gempol kapengin pamarentah bisa menehi perhatian kusus tumprap kaudayan mliline panganan supaya ora ilang kepangan jaman.

Masyarakat biyasa kaya Sukarti ora bisa apa-apa kejaba mung tetep adol gempol supaya bisa nglestarekake panganan kasebut. Arep matenake panganan kasebut dheweke uga ora bisa, awit sing bisa mung pamarentah. Tundhane Sukarti mung bisa nunggu tandangae pamarentah supaya enggal matenake panganan gempol minangka salah sawijine panganan khas Madiun. Kritik kasebut bisa kawawas saka pethikan ing ngisor iki.

“Hahhh... Mas... banjur sapa kanga rep matenake. Bathine wong dodolan gempol kuwi mung bisa kanggo tuku uyah. Menawa ngurusi kang kaya mangkono bisa-bisa ora sida dodolan malah repot karepe dhewe.”” (Gempol, 2018:12-13).

Pethikan kasebut nuduhake paraga Sukarti sing ngrasa ora bisa apa-apa supaya gempol bisa oleh hak paten. Awit sing bisa menehi hak paten mung pamarentah, nanging kepriye pamarentah bisa menehi hak paten wong pamarentah dhewe ora mangerteni babagan panganan

gempol. Kahanan kasebut nuduhake anane kritik saka panganggit tumprap pamarentah.

#### 4.3.2 Kritik Tumprap Rumaja Jaman Saiki

Jaman sing terus lumaku ndadekake anane owah-owahan ing saperang bab sajrone panguripan, salah sawijine yaiku babagan subasita. Ora bisa diselaki maneh subasita sing owah kasebut dipangaribawani dening owah-owahan jaman. Para rumaja mliline wis ora nengenake marang tatakrama lan subasita magepokan karo adat isitiadat lan piwulang luhur. Tuwa lan mudha sajak ora bisa dibedakake maneh padha nerak marang paugeran luhur. Prakara-prakara kasebut nuwu hake kritik sing banjur dikemas kanthi cara alus lumantar karya sastra. Prakara kasebut uga dialami dening saperangan paraga sajrone novel Gempol anggitane Tulus S sing bakal dinadharake ing ngisor iki.

Kritik tumprap rumaja jaman saiki digambarake lumantar paraga Pak Simin. Pak Simin sing nemoni Jardi nalika dolan menyang omahe saperlu nemoni Sukarti sajak aweh wejangan marang Jardi. Kahanan kasebut bisa kawawas saka pethikan ing ngisor iki.

“Nalika wengi kuwi Jardi dolan menyang omahe Sukarti banjur ditemoni Pak Simin. Bapakne Sukarti kuwi kepengin nanting marang tekade Jardi anggone kepengin pacaran karo anake wadon. Jenenge wong tuwa tetep nduwuni rasa was sumelang marang kelakuane bocah saiki.” (Gempol, 2018:22).

Pethikan kasebut nuduhake nalika Pak Simin aweh wejangan marang Jardi. Pak Simin kapengin mangerteni kepriye niyate Jardi olehe sesambungan karo anake. Pak Simin durung bisa percaya lan kala-kala sumelang marang klakuane bocah saiki sing kala-kala ninggal paugeran. Lelakon kasebut nuduhake anane kritik sing kapengin disampekake panganggit tumprap rumaja jaman saiki yaiku ngenani klakuane bocah jaman saiki sing dirasa kala-kala ninggal paugeran

Nalika iku Sukarti ora ana ing omah, mulane Pak Simin lan Jardi bisa jenak anggone jadhuman. Saliyane menehi wejangan babagan sesambungan tumprap Sukarti, Pak Simin uga mejang ngenani tatakrama. Kahanan kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“”Aku ora apa-apa, nanging kabeh ana watese. Aja nganti keladuk ing tumindak. Ala-ala aku iki jenenge wong tuwa. Menawa weruh polahe anak sing wis lali marang kasusilan lan akeh sing padha ninggalake tatakrama rasane atiku ora seneng.”” (Gempol, 2018:22).

Pethikan kasebut nuduhake anane kritik sing kapengin disampekake panganggit tumprap rumaja jaman saiki.

Dibuktikake saka Pak Simin sing akeh wejangan marang Jardi ngenani kasusilan lan tatakrama awit bocah saiki akeh sing wis keladuk ing tumindak. Pak simin ora seneng yen ndeleng bocah sing ninggalake tatakrama lan lali marang kasusilan amarga kuwi ora becik lan kudu ditinggalake.

Pak simin kandha marang Jardi yen ta jaman saiki wis beda karo jaman biyen. Akeh wong sing ninggalake marang paugeran lan uga marang piwulang luhur. Ora nom ora tuwa wis ora bisa dibedakake maneh klakuane. Lelakon kasebut bisa kawawas saka pethikan ing ngisor iki.

“”Jaman saiki mbokmenawa pancek beda. saiki tuwa lan nom ora bisa dibedakake. Ilang subasitane, nerak marang adat lan tradhisine. Nadyan uripku mung kaya ngene saora-orane nduwe rasa tanggung jawab marang piwulang luhur saka nenek moyang. Aku kala-kala nangis wis ora bisa mbedakake ngendi drajade manungsa lan ngendi drajade kewan.” (Gempol, 2018:22).

Pethikan kasebut nuduhake Pak Simin sing akeh wejangan ngenani klakuane bocah jaman saiki sing wis beda karo jaman biyen. Bocah saiki wis akeh sing ora mangerten marang subasita lan nerak marang adat lan tradhisine sing kudune dijunjung dhuwur minangka piwulang luhur. Klakuane bocah jaman saiki kala-kala wis ora bisa dibedakake antarane klakuane manungsa lan kewan. Kahanan kasebut nuduhake anane kritik sing disampekake dening panganggit tumrap rumaja jaman saiki.

Jardi sing ngrungokake wejangane Pak Simin sajak niloni awakedhewe. Dheweke ngrassa yen sasuwene iki pancek kurang oleh piwulang babagan tatakrama. Dheweke isih durung bisa ngetrapake apa sing diomongake Pak Simin kuwi. Lelakon kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Krungu tembung-tembunge Pak Simin sajak mengkorok githoke Jardi. Awit salawase iki rumangsa pancek ora nate diwulang dening wong tuwane apamaneh guru-gurune magepokan karo adat tradhisine lan tatakrama. Tundhone kanca-kanca sabarakane uga ora dunung marang apa sing dikarepake Pak Simin kuwi. Malah menawa kumpul wis ora ana unggah-unggu, nyeluke padha njangkar, pisuhan bola-bali metu. Sikap wis ora pati digagas. Sing penting padha seneng atine lan guyon nganti ninggal empan lan papan.” (Gempol, 2018:22-23).

Pethikan kasebut nuduhake nalika Jardi sing ngrungokake wejangane Pak Simin babagan piwulang luhur ngenani tatakrama lan subasitane bocah jaman saiki

sing wis ninggalake tradhisi lan tatakrama. Wis ora nduweni unggah-ungguh marang wong tuwa, ora empan papan, lan uga wis ora nengenake marang subasita. Jardi niloni marang awake dhewe. Dheweke ngrumangsani sasuwene iki pancek kurang oleh piwulang ngenani tradhisi lan tatakrama kaya sing diomongake dening Pak Simin kasebut.

#### 4.4 Dhiskusi

Adhedasar andharan paninthing lan asile panliten, kacintrakan sajrone novel Gempol anggitane Tulus S diperang dadi 3, yaiku kahanan sosial masyarakat, jinis-jinis kacintrakan sing dumadi, lan kritik saka panganggit sing kapengin disampekake lumantar karyane. Kacintrakan sing paling onjo dumadi sajrone novel Gempol yaiku kacintrakan. Kacintrakan sing dialami dening para paragane nuwuhalke rasa sangsara amarga ora bisa nyukupi kabutuhan sabendinane yaiku sandhang, pangan, papan, lan pendhidhikan. supaya bisa mentas saka kacingkrangan sing dialami, para paragane ngupaya lumantar pakaryane supaya bisa nggayuh urip sing luwih layak, nanging pakaryan ing kene uga dipangariwabani karo pedhidhikan sing dideweni. Wong sing nduweni pendhidhikan sing dhuwur, bisa oleh pakryan sing luwih kepenak tinimbang wong sing ora berpendhidhikan utawa wong sing pendhidhikane rendhah awit sajrone makarya pancek dibutuhake ketrampilan lan kabisan sing bisa diolehake saka pedhidhikan.

Dhaerah sing isih durung maju uga mangaribawani tumrap kualitas SDM masyarakat. Dhaerah sing maju disurung karo sarana prasarana sing nyukupi, mula masyarakat nduweni pamikiran sing maju awit wis oleh akeh informasi utawa wawasan wis amba. Beda dene karo wong sing urip ana ing padesan sing adoh saka kutha lan isih tradisional ora nduweni sarana prasarana sing nyukupi lan minim informasi awit saka panggonane sing adoh teka kutha lan isih durung ngrembaka.

### PANUTUP

#### 5.1 Dudutan

Andharan-andharan sing wis diwedharake sadurunge, bisa dijupuk prakara-prakara sing wigati sajrone novel Gempol anggitane Tulus S. Adhedhasar panliten sing wis ditindakake, ngasilake anane kacintrakan lan jinis-jinis kacintrakan sing dumadi sajrone novel Gempol anggitane Tulus S. Kacintrakan sing dumadi sajrone novel Gempol anggitane Tulus S amarga kahanan sosial sing dialami dening para paragane. Kahanan sosial kasebut ndadekake anane kasta sosial sing dialami dening para paragane. Kasta sosial sajrone novel Gempol anggitane Tulus S diperang dadi loro, yaiku (1) pakaryan, (2) gaya hidup. Kasta sosial sing dumadi amarga gaya hidup diperang

dadi 3, yaiku (1) panganggone, (2) barang-barang, lan (3) panganan. Kasta sosial kasebut nuwuhake anane kacintrakan sing diperang dadi 3, yaiku (1) kacingkrangan, (2) ora bisa nggayuh pendhidhikan sing layak, lan (3) sangsara amarga tresna. Kacintrakan sajrone novel Gempol anggitane Tulus S digambarake lumantar para paragane lan kahanan sing dialami dening para paragane. Para paragane sing urip sarwa kakurangan ora bisa nyukupi kabutuhan uripe kalebu sandhang, pangan, papan, lan pendhidhikan nuwuhake anane kasta sosial sing dialami dening para paragane.

Salah sawijine kacintrakan sing dumadi sajrone novel gempol yaiku kacintraka. Para paraga sing ngalami kacingkrangan ora bisa nggayuh urip sing layak awit uripe sarwa kkaurangan lan ngupaya supaya bisa mentas saka kahanan kaebut. Upaya sing ditindakake kanggo mentas saka kacingkrangan kasebut ing antarane yaiku bakul gempol, dadi TKI, lan dadi buruh tani. Pakryan sing ditindakake dening para paraga kasebut sing uga nuwuhake anane kasta sosial. TKI dianggep pakaryan sing ngasilake dhuwit sing akeh tinimbang pakaryan liyane, mulane TKI ing kene dikurmati amarga uripe sarwa kacukupan lan dianggep wong sugih. Dene bakul gempol lan buruh tani dianggep wong mlarat amarga dhuwit sing diasilake saka pakryan kasebut dianggep ora cukup kanggo kabutuhan urip saben dinane.

Kacintrakan sing dumadi sajrone masyarakat Indonesia, ora bisa uwal saka cawe-cawene pamarentah supaya bisa ngrampungake prakara-prakara ekonomi kasebut. Babagan kuwi sing uga narik kawigatene panganggit kanggo nyampekake kritik tumrap pamarentah lumantar karyane sing diajab bisa nuwuhake kesadharan pamarentah tumrap prakara-prakara ekonomi sing ana ing masyarakat padhesan apa maneh padhukuhan-padhukuhan sing isih kurang banget anane sara lan prasarana. Kritik kasebut digambrakae lumantar kabudayan panganan yaiku gempol awit panganan-panganan tradhisional sing wis wiwit ilang lan malah dipatenake dening dhaerah liya.

## 5.2 Pamrayoga

Panliten sing ngrembug babagan kacintrakan wis ana sing nindakake. Ananging sajrone panliten iki luwih nengenake ing bab kacintrakan sing dialami dening para paragane. Panliten iki isih adoh saka kasampurnan, panliten iki uga isih kurang anggone njlentrehake gegambaran ngenani kacintrakan sing dumadi, mula saka kuwi, panliten iki isih perlu diadani supaya bisa ngasilake sawijine panliten kanthi tinthingan sing luwih apik. Kritik lan saran saka pamaca uga dibutuhake sajrone panliten iki, awit panliten iki durung bisa ditrapsirake kanthi becik.

## KAPUSTAKAN

- Suharto, Edi. 2009. *Membangun Masyarakat Memberdayakan Rakyat, Kajian Strategis Pembangunan Kesejahteraan sosial dan Pekerjaan Sosial* cetakan 3. Bandung : PT Rafika Aditama.
- Damono, Sapardi Djoko. 2001. *Sosiologi Sastra Sebuah Pengantar*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Suharto, Edi. 2009. *Kemiskinan dan Perlindungan Sosial di Indonesia (Menggagas Model Jaminan Sosial Universal Bidang Kesehatan)*. Bandung: Alfabeta
- Wellek, Rene Werren, Austin. 1995. *Teori Kasusastran*. Yogyakarta: Gramedia
- Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metodhe dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- Hutomo, Saripan Sadi. 1975. *Telaah Kasusastran Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Agusmidah. 2007. “*Tenaga Kerja Indonesia, Perdagangan Manusia (Human Trafficing) dan Upaya Penanggulangannya (Sudut Pandang Hukum Ketenagakerjaan)*”. IKA FH USU Medan.
- Aisyah, Nenden Lili. 2010. “*Laporan Penelitian: Representasi Ideologi Gender dalam Lima Cerpen Karya Pengarang Perempuan Indonesia (Sebuah Kajian Sosiologi Sastra dengan Analisis Gender)*”. Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia Universitas Pendidikan Indonesia.
- Eagleton, Terry. 2002. *Marxisme dan Kritik Sastra*. Yogyakarta: Sumbu Yogyakarta.
- Anwar, Ahyar. 2010. *Teori Sosial Sastra*. Yogyakarta: Ombak.
- Endraswara, Suwandi. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Center For Academic Publishing Service (CAPS).
- Faruk. 1994. *Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.

Andiny, Puti dan Mandasari, Pipit. “*Analisis Pertumbuhan Ekonomi dan Kemiskinan terhadap Ketimpangan di Provinsi Aceh*”, Jurnal Penelitian Ekonomi Akuntansi (JENSI), Vol. 1 No. 2, 2017, dalam <https://ejurnal.unsam.id>, diakses 13 Februari 2020.

Faruk. 2010. *Pengantar Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.

Luxemburg, DKK. 1984. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia.

Damono, Supardi, Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra: Sebuah Pengantar*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Anjuli, Adecitya Dwi dan Fitrayati, Dhiah. “*Pengaruh Pertumbuhan Ekonomi, Pendidikan, dan Pengangguran Terhadap Kemiskinan di Kabupaten Sampang*”. Jurnal Pendidikan Ekonomi, Vol. 1 No. 3, 2013, dalam <http://jurnalmahasiswa.unesa.ac.id/>.

Aprilianti, Rizki Amalia, et. al. “*Pengaruh Jumlah Penduduk, PDRB, IPM, dan Pengangguran terhadap Tingkat Kemiskinan di Kabupaten/Kota Jawa Timur Tahun 2011-2015*”, Jurnal Ekonomi, Vol. 2, 2016, dalam <http://fe.ubhara.ac.id>, diakses 10 Februari 2020.

Ariawan, I Putu Wisna, et. al. 2017. Paket Aplikasi Statistik. Jakarta : Rajawali Pers.

Astrini A, Ni Made Myanti dan Purbadharma, Ida Bagus Putu. “*Pengaruh PDRB, Pendidikan, dan Pengangguran terhadap Kemiskinan di Provinsi Bali*”, E-Jurnal Ekonomi Pembangunan, Vol. 2 No. 8, 2016, dalam <https://ojs.unud.ac.id>, diakses 10 Februari 2020.

Jabrohim dkk. (Ed). 2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.

Ratna, Nyoman Kutha. 2003. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

